



**Brase lide sou pwojè « estandadizasyon » ekriti kreyòl la -
pou n kore edikasyon ak devlopman ann Ayiti e pou n ede
Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) nan misyon li**

Michel DeGraff*

MIT Linguistics & Philosophy | Inisyativ MIT-Ayiti | Akademi Kreyòl Ayisyen

Rezime : Atik sa a se pou n eseye konprann orijin, lojik ak objektif dènnye pwojè AKA sou grafi kreyòl la — nan sousi pou n analize enpak pwojè sa a ka genyen sou edikasyon ak devlopman nan peyi a. Lane pase (2022), kèk Akademisyen nan AKA te pataje — sou imel ak WhatsApp — vèsyon preliminè yon pwojè rezolisyon sou estandadizasyon ekriti kreyòl la. Pwopozisyon sa yo pa ko finalize pou piblikasyon ; men, yo deja ap sikile, alawonn Badè, pami pwofesè kreyòl ak lòt konpatriyòt ki enterese nan grafi lang nasyonal la. Menm gen echantiyon materyèl nan inisyativ « *Liv Inik* » an kreyòl nan Ministè Edikasyon Nasyonal (Césaire 2022) ki deja ap entegre sèten nan nouvo pwopozisyon sa yo — tankou adopsyon yon nouvo grafèm <u> nan alfabè kreyòl la. Nou menm jwenn grafèm <u> sa a, ki pa egziste nan grafi ofisyèl kreyòl la, nan mesaj Prezidan AKA sou rezo sosyal tankou

* M ap remèsye Pwòf Guerlande Bien-Aimé, Pwòf Carter Charles ak Dwayen Renauld Govain nan jounal *Rechèch Evid Kreyòl* (REK), de (2) evalyatè anonim REK ansanm ak Doktoran Christopher Legerme nan *MIT Linguistics*, Pwòf Jacques Pierre ak Pwòf Emilio Travieso paske yo te pataje ankourajman, kòmantè ak kesyon ki te ede m amelyore atik la. Se toujou yon plezi pou m brase lide ak Fanm Vanyan / Bèl Atis Mandaly Claude Louis-Charles ki te mete m nan ekip *Chante Alfabè Kreyòl La* (Louis-Charles *et al* 2015). Bèl akolad pou nou tout. Men anpil, chay pa lou ! Men, se mwen sèl ki responsab pou tout erè ki ka rete nan atik la.

Rechèch Etid Kreyòl

WhatsApp kote l ap ekri « nuaj » ak « ponktuasyon » nan plas « nyaj » ak « ponktyasyon ». Epi, tou, Komisyon Syantifik AKA pataje pwopozisyon sa yo pou Akademisyen yo ka jwenn fidbak sou yo. Se rezon sa yo, avèk kèk lòt ankò, ki motive atik sa a pou m pataje refleksyon pa m pami lengwis, edikatè, ekriven, aktivis ak lòt konpatriyòt ki angaje nan mouvman kreyòl la e k ap feraye nan ede tabli fondasyon solid pou lekòl tèt an wo. Nan atik sa a, mwen pral analize pwoblèm nan metodoloji ak nan analiz lengwistik ki nan pwopozisyon sa yo. Kòm Komisyon Syantifik AKA deklare pwojè « estandadizasyon » sa a se pou rezoud « difikilte » ki nan alfabè kreyòl la, atik sa a pral mande kote « difikilte » sa yo soti. Epi, tou, nou pral mande si pwopozisyon AKA yo ka vreman rezoud « difikilte » sa yo.

Mo kle : *grafi ; alfabè ; sentaks ; mòfoloji ; fonoloji ; alomòfi ; resilabifikasyon ; sandi*

Lane 1979 ann Ayiti se te yon moman istorik nan mouvman kreyòl pou tabli fondasyon *lekòl tèt an wo pou peyi tèt an wo* — pou bon jan edikasyon ak devlopman nan peyi a. Se nan lane 1979 sa a Minis Joseph C. Bernard nan Ministè Edikasyon Nasyonal te lanse yon kokenn chenn refòm (Gouvernement d'Haïti 1979, Département de l'Éducation Nationale 1982a,b) pou kreyòl tounen lang ansèyman nan lekòl ann Ayiti (DeGraff et al 2022a,b). Epi se nan menm lane 1979 sa a *Institut Pédagogique Nationale* (IPN) t ap travay ak Ministè Edikasyon Nasyonal ak plizyè lòt enstitisyon sou devlopman yon grafi ofisyèl pou lang kreyòl la (Département de l'Éducation Nationale 1980). Grafi ofisyèl sa a te rive tabli yon bèl korespondans fonemik ant lèt (« *grafèm* ») nan alfabè kreyòl la ak son (« *fonèm* ») nan fonoloji lang kreyòl la (Bentolila & Gani 1981 ; DeGraff & Louis-Charles 2019).

Se korespondans fonemik sa a (kote ideyal la se pou chak lèt toujou pwononse menm jan epi chak son toujou ekri menm jan) ki bay grafi kreyòl la bèl transparans sa a : depi w konnen ki son ki mache ak ki lèt, ou ka li epi ekri pifò mo nan vokabilè kreyòl la san w pa bezwen al verifeye pwononsyasyon mo sa yo nan diksyonè ! M ap prete pawòl nan bouch Lemèt Zefi (2017 : 103) pou m di grafi kreyòl sa a rive monte tou pre nivo

« òtograf ideyal [ki] kenbe yon relasyon kif kif ant fonèm ak grafèm ». ¹

Grafi fonemik « kif kif » sa yo tèlman djanm, gen newosyantis franse tankou Stanislas Dehaene (2011) nan *Collège de France* ansanm ak plizyè kòlèg li ki swete pou grafi franse a ta chita sou yon transparans fonemik kon sa tou. Dapre Dehaene (2011), Fayol (2006) ak plizyè lòt syantis, grafi fonemik sa yo pèmèt ti moun yo aprann lekti ak ekriti lontan pi fasil pase ti moun k ap aprann lekti ak ekriti an franse oswa angle kote grafi a « *opak* ». Grafi *opak* sa yo mande pou aprenan yo fè pi plis jefò pou yo aprann detay konplike nan relasyon « *opak* » ki egziste ant ekriti mo yo ak pwononsyasyon mo sa yo. Sa se youn nan rezon ki fè grafi opak sa yo kreye pi plis pwoblèm pou ti moun ki souffri disleksi pase grafi ki fonemik (Borleffs, Maassen, Lyytinen & Zwarts 2019) —disleksi se yon maladi sèvo ki andikape kapasite dekodaj tèks. An n gade, pa egzanp, son /o/ a ki mache ak yon grenn lèt <o> nan grafi kreyòl la, yon grafi fonemik ki *transparan*, alòs ke nan grafi franse a, ki *opak*, gen plis pase 40 fason diferan pou n ekri son /o/ sa a, tankou nan : *pose, aube, chaud, aulne, marsault, aulx, landaus, assaut, auxquels, heaume, hôte, cahot, ôter, goal, escroc, ohm, sirop, chaos, mot, impôt, wisigoth, show* e latriye... Nou ka imajine ki jan divès ekriti sa yo pou yon grenn son ka bay aprenan yo tèt chaje — ale wè pou sila yo ki souffri disleksi nan yon peyi ki pa menm gen kapasite pou idantifye, pami popilasyon an, ti moun sa yo ki souffri maladi sa a !

Ki donk, lane 1979 sa a, se te vreman yon moman istorik nan mouvman kreyòl la kote pwodiksyon syantifik nan yon enstitisyon leta tankou IPN, ki

¹ Mwen dakò ak Lemèt Zefi (2017) lè l di grafi kreyòl pa fin « ideyal » nèt. Mèsi Pwòf Lemèt pou echanj nou fè sou tematik sa yo. Men, mwen pa dakò ak rezon Lemèt bay pou l esplike sa ki fè grafi kreyòl la pa 100% « ideyal ». Fòk nou aksepte reyalite sa a : pa gen okenn grafi sou latè beni ki 100%. Men, lè Zefi (2017) ofri egzanp digraf <ng> ak trigraf <oun> pami rezon ki fè grafi kreyòl la pa « ideyal », mwen panse analiz li a gen erè ladan. N ap jwenn detay analiz pa m sou grafèm <ng> ak <oun> nan afich sa yo sou Facebook :

<https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/10155479299528872>

<https://www.facebook.com/notes/788013848643085/>

<https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/pfbid025f2pX2uXKnFp2WKYvsK9Ne3CyPe4EJ3CjPxThayyQGhVg3Ck9ECh1eFRRnTnq45fl>

Rechèch Etid Kreyòl

t ap travay sou grafi ofisyèl lang kreyòl la, te mache men nan men ak jefò Ministè Edikasyon Nasyonal, ki t ap fè pwomosyon kreyòl kòm lang ansèyman.

Malerezman, nan 41 lane ki sot pase yo, ant 1982 ak 2023, leta pa ko janm rive aplike règleman nan Refòm Minis Joseph C. Bernard ki te mande pou lekòl fèt an kreyòl nan tout klas nan nivo fondamantal. Epi se kon sa tou leta pa ko janm rive kreye yon sistèm kote tout anseyan ak aprenan ka rive metrize grafi ofisyèl kreyòl la. Dapre esperyans mwen fè sou teren ann Ayiti, mwen obsève pifò moun ki pase lekòl ka resite alfabè franse a pa kè kon jako repèt, men, yo pa konn alfabè kreyòl la !

An desanm 2014, apre anpil mi wo mi ba pami otorite peyi a, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te rive selebre inogirasyon li kòm « prensipal referans pou devlopman rechèch syantifik sou lang kreyòl » (Akademi Kreyòl Ayisyen 2014). Enben, jounen jodi a, fòk nou mande : Ki wòl AKA ap jwe nan dosye « kreyòl, edikasyon ak devlopman » ? Èske nou ka konpare wòl AKA an 2023 ak wòl IPN an 1979 nan dosye lang, edikasyon ak devlopman nan yon apwòch syantifik ?

Pami objektif ki nan misyon AKA (2014), nou jwenn pawòl sa yo :

« ... bay direksyon sou fason pou yo sèvi ak lang kreyòl la nan peyi d Ayiti, kit nan pale, kit nan ekri, nan enstitisyon leta kou prive jan Konstitisyon an mande sa...

fè rekòmandasyon sou ankèt ak travay ki dwe fèt sou lang kreyòl la tankou envantè, diksyonè, travay sou sentaks, tèminoloji, leksik, fonoloji, regleman sou òtograf lang nan ak lòt zouti enpòtan pou lang nan...

bay rezilta rechèch yo rekonesans piblik ansanm ak tout travay ki fèt sou lang kreyòl la tankou envantè, diksyonè, travay sou sentaks, tèminoloji, leksik, fonoloji, regleman sou òtograf ak lòt zouti enpòtan pou lang nan »

Se objektif sa yo ki mennen m, kòm lengwis e kòm akademisyen, nan refleksyon ki nan atik sa a kote m ap eseye konprann orijin, lojik ak objektif dènye pwojè AKA sou grafi kreyòl la — nan sousi pou m analize enpak pwojè sa a ka genyen sou edikasyon ak devlopman nan peyi a. Lane pase (2022), kèk Akademisyen nan AKA te pataje — sou imel ak WhatsApp — vèsyon preliminè yon pwojè rezolasyon sou estandadizasyon ekriti kreyòl la. Pwopozisyon sa yo pa ko finalize pou piblikasyon ; men, yo deja ap sikile, alawonn Badè, pami pwofesè kreyòl ak lòt konpatiyòt ki enterese nan grafi lang nasyonal la. Menm gen echantiyon materyèl nan inisyativ « *Liv Inik* » an kreyòl nan Ministè Edikasyon Nasyonal (Césaire 2022) ki deja ap entegre sèten nan nouvo pwopozisyon sa yo — tankou adopsyon yon nouvo grafèm <u> nan alfabè kreyòl la.² Nou menm jwenn grafèm <u> sa a, ki pa egziste nan grafi ofisyèl kreyòl la, nan mesaj Pwòf Lengwis Rogéda Dorcé Dorcil, Prezidan AKA, sou rezo sosyal tankou WhatsApp kote l ap ekri « nuaj » ak « ponktuasyon » nan plas « nyaj » ak « ponktyasyon ». Epi, tou, Komisyon Syantifik AKA pataje pwopozisyon sa yo pou Akademisyen yo ka jwenn fidbak sou yo. Se rezon sa yo, avèk kèk lòt ankò, ki motive atik sa a pou m pataje refleksyon pa m pami lengwis, edikatè, ekriyen, aktivis ak lòt konpatiyòt ki angaje nan mouvman kreyòl la e k ap ferye nan ede tabli fondasyon solid pou lekòl tèt an wo (Dejean 2006, DeGraff 2021, 2022a, 2023b).³

Pwopozisyon AKA sa yo chita nan yon fichye PowerPoint ki rele « *Rezime sou dokiman estandadizasyon òtograf kreyòl ayisyen an* ». ⁴ Nan atik sa a, mwen pral

² Lèt tou louvri sou Facebook pou Minis Nesmy Manigat nan dat 5 janvyè 2022 : <https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/pfbid04CAfycJawWV3GOZv8zGgvePcmzTwoNhKX3D2zmi9fwbOxoGsRKARfEM6MRuyHUhtl>

³ Pierre (2018) ak Léger (2021) ofri done ak analiz sou divès limitasyon k ap bloke bon fonksyonman AKA.

⁴ Se mwen ki mete fichye PowerPoint sa a sou DropBox pou lektè a, li menm tou, ka gen aksè — sa ka ede w evalue analiz mwen yo.

https://www.dropbox.com/s/jpy2hk7uomuyhr6/Prezantasyon%20rezime%20dokiman%20estandardizasyon%20Rezime_12152022_pou%20atelye%2015%2016%20desanm%202022.pptx?dl=0

Rechèch Etid Kreyòl

analize pwoblèm nan metodoloji ak nan analiz lengwistik ki nan pwopozisyon sa yo. Kòm Komisyon Syantifik AKA deklare pwojè « estandadizasyon » sa a se pou rezoud « difikilte » ki nan alfabè kreyòl la, atik sa a pral mande kote « difikilte » sa yo soti. Epi, tou, nou pral mande si pwopozisyon AKA yo ka vreman rezoud « difikilte » sa yo.

Lè m ap aplike rezilta nan rechèch syantifik nan lengwistik sou lekti ak ekriti, sanble se pwopozisyon AKA yo ki pral kreye pi plis difikilte pou aprenan yo. Nouvo difikilte sa yo soti depi nan pwopozisyon pou n adapte non lèt nan alfabè franse a kòm non lèt nan alfabè kreyòl la — paske chapant ak pwononsyasyon grafi kreyòl la pa koresponn, ditou pyès, ak chapant ak pwononsyasyon grafi franse a.

Se menm kalite preferans sa yo (ki bay lang franse a priyorite sou lang kreyòl la) nou jwenn nan pwopozisyon Akademisyen k ap rekòmande chanjman ki, nan analiz a yo, dwe fè grafi kreyòl la vin sanble pi plis ak grafi franse a. Epi gen Akademisyen k ap fè pledwaye pou franse kontinye sèvi kòm lang ansèyman ann Ayiti, kòm ki dirè ansèyman *AN* franse se ta pi bon metòd pou n tabli « bilengwis ekilibre » kreyòl-franse, ki donk, nou pa ta bezwenn mete kreyòl kòm lang ansèyman. Nou menm rive jwenn plim e ank k ap defann « parite lengwistik » ant kreyòl ak franse ann Ayiti. Se depi nan kòmansman 19yèm syèk, Konsil Lafrans ann Ayiti, Gaspard Théodore Mollien, te devlope yon estrateji neyo kolonyal pou enpoze lang ak kilti Lafrans nan sistèm lekòl ann Ayiti — kòm zouti pou gwojemoni jeyo politik ak dominasyon moun an wo kont moun an ba (DeGraff 2020, 2022a, 2022b, 2023a, 2023b).

Yon lòt pwoblèm mwen pral analize, pi lwen, konsènan pwojè « Estandadizasyon » AKA sa a se yon seri kontradiksyon ki nan nannan « Dispozisyon » ki nan dokiman pwojè a. Pa egzanp, pwopozisyon AKA yo mande pou n ekri fòm kout pwonon pèsonel yo (« m », « w », « l », « n », « y » ...) ak makè tan, aspè ak modalite (« te », « ap », « ava » ...) kòm mo separe — kòm sa dwa. Men, lè n aplike definisyon « mo » ki nan menm dokiman « Estandadizasyon » sa a, sanble pwonon kout sa yo ansanm ak makè tan, aspè ak modalite pa ka antre nan kategori « mo » — ki donk, fòk nou ta ekri yo kole ak lòt mo ! Sa se yon kontradiksyon, tout bon vre, wi !

An final, lè n konsidere establiite grafi kreyòl la kote nou gen yon alfabè fonemik ki djanm djanm depi 1980, sa ka difisil pou n jwenn itilite nan pwojè « Estandadizasyon » sa a pou dosye « kreyòl, edikasyon ak devlopman ». Sa pi difisil toujou pou n jwenn itilite pwojè sa a nan moman Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) lanse yon inisyativ « *Liv Inik* » k ap fè pwomosyon materyèl an kreyòl pou lekòl fondamantal (Césaire 2022). An 2022, sanble te deja gen 7 echantiyon « *Liv Inik*⁵ » ki pibliye e k ap simaye pami aprenan nan lekòl fondamantal ; men, nou pa gen aksè ak enfòmasyon ki 100% fyab sou dosye sa a.

An tou ka, pandan MENFP sanble l ap fè pwogrè nan dosye kreyòl la, AKA, li menm, antre nan yon pwojè « Estandadizasyon » k ap pwopoze chanjman nan alfabè a. Sa vin kreye pwoblèm lè gen materyèl « *Liv Inik* » ki deja itilize grafi ofisyèl Depatman Edikasyon Nasyonal (1980) epi gen lòt materyèl, nan menm inisyativ « *Liv Inik* » sa a, ki deja ap adopte nouvo grafèm ki nan pwojè « estandadizasyon » AKA (tankou grafèm <u>!</u>) menm lè pwopozisyon sa yo pa ko valide. Pwoblèm lan ka parèt pi grav toujou lè n konpare grafi ofisyèl 1980 an — ki deja byen chita sou prensip syantifik nan lengwistik — ak dokiman « *Estandadizasyon òtograf kreyòl ayisyen an* » (EsÒKA). Dokiman EsÒKA sa a gen fay ni nan lojik, ni nan analiz, ni nan metòd — depi nan lide kòm ki dirè objektif EsÒKA se ta rezoud yon seri « difikilte » nan grafi kreyòl la alòs ke AKA pa idantifye « difikilte » sa yo dapre metòd ki klè. Èske sa se yon lòt egzanp « *lave men siye atè* » nan peyi tèt an ba (Dejean 2006, DeGraff 2020, 2022a,b, 2023a,b, DeGraff *et al* 2022a,b) ?

Rès atik sa a ap dokimante epi analize fay sa yo ki nan EsÒKA. Chapant atik la baze sou senk seksyon sa yo ki nan EsÒKA :

« ...

1e seksyon — *Dispozisyon 1–3 : Lèt ak grafèm ...*

2yèm seksyon — *Dispozisyon 4–7 : Mo, pawòl, dekoupaj mo / leksèm ...*

⁵ <https://fb.watch/lpDcP3IsLI/>
<https://fb.watch/lpDxLPMIP5/>
<https://fb.watch/lpDB1x7hic/>

Rechèch Etid Kreyòl

3yèm seksyon — Dispozisyon 8–14 : Valè nimerik ...

4yèm seksyon — Dispozisyon 15–16 : Laj ak lè ...

5yèm seksyon — Dispozisyon 17–26 : Kon[s]ènan⁶ tirè ...

...»

Epi atik la gen yon seksyon konklizyon ki rezime evalyasyon an. Men, anvan nou kòmanse analize chak nan senk seksyon dokiman an, gen yon seri remak nou dwe aplike sou tout dokiman an nèt. Ki donk, n ap kòmanse ak yon seksyon ki rele « Konsiderasyon global... ».

Konsiderasyon global sou dokiman « Estandadizasyon òtograf kreyòl ayisyen an » (EsÒKA)

Pou pifò dispozisyon ki nan EsÒKA, Komisyon Syantifik AKA pa espliche fondasyon syantifik dispozisyon sa yo. Epi, tou, Komisyon Syantifik la pa konsidere pwopozisyon ki deja fèt sou tematik y ap konsidere yo. Genyen nan pwopozisyon sa yo ki te antre nan ajandaa Asanble jeneral AKA nan lane 2015 ak 2016 lè Akademisyen yo t ap brase lide sou pifò nan tematik sa yo ki parèt nan EsÒKA. Nan lane 2015–2017, ekip Komisyon Syantifik (KS) AKA te prepare yon dokiman 75 paj ki te manyen tematik sa yo. Travay sa a te fèt nan preparasyon « *Premye rezolisyon sou òtograf lang kreyòl ayisyen* » ki te pibliye nan mwa d jen 2017. Lè sa a, se mwen ki te kowòdonatè KS la. Men, sanble pwopozisyon ki nan EsÒKA nan lane 2022 pa konsidere rapò ki te sèvi pou premye rezolisyon sou òtograf la nan lane 2017.

Gen lòt pwopozisyon (pa egzanp : *Chante Alfabè Kreyòl La* ki pwopoze non lèt nan grafi kreyòl la) ki deja pibliye nan divès medya tankou Platfòm MIT-Ayiti (DeGraff & Louis-Charles 2019), *Bon Nouvèl*, *Poto Mitan*⁷ e nan jounal syantifik tou (DeGraff 2017). Non lèt sa yo ki nan *Chante Alfabè Kreyòl La* deja

⁶ Sa sanble yon erè : « konènan » nan plas « konsènan ».

⁷ <https://www.potomitan.info/ayiti/alfabe2.php>

ap sèvi pami plizyè gwoup aprenan ak anseyan ann Ayiti (Louis-Charles *et al* 2015, Louis-Charles 2015).⁸ Pwopozisyon sa a k ap sikile nan peyi a depi lane 2015 pa antre nan konsiderasyon EsÒKA.

Lè Komisyon Syantifik AKA iyore piblikasyon syantifik sou lang kreyòl la, sa antre an kontradiksyon dirèk ak misyon AKA (2014) ki mande pou AKA « bay rezilta rechèch yo rekonesans piblik ansanm ak tout travay ki fèt sou lang kreyòl la tankou envantè, diksyonè, travay sou sentaks, tèminoloji, leksik, fonoloji, regleman sou òtograf ak lòt zouti enpòtan pou lang nan ».

Men, pandan EsÒKA iyore travay syantifik ke lengwis ak edikatè ayisyen deja fè sou grafi lang kreyòl la, genyen pami pwopozisyon EsÒKA yo kote *se lang franse a ki sèvi kòm modèl pou grafi kreyòl la* — depi nan adaptasyon non lèt franse yo pou nomanklati lèt kreyòl yo, menm lè non lèt franse sa yo pa mache ak chapant fonoloji lang kreyòl la. Yon apwòch kon sa, ki pran lang franse a kòm gid, ka parèt dwòl pou yon Akademi *Kreyòl* Ayisyen paske yon chwa frankofil kon sa plis sanble ak travay *Organisation Internationale de la Francophonie* ki toujou ap chache fason pou fòse konpatriyòt nou yo valorize lang franse a sou tèt lang kreyòl la.

Depi lè m te poze kandidati m an 2014 pou m te ka vin Akademisyen, objektif prensipal mwen se ede nan kreyasyon bon jan zouti lengwistik pou n pwodui bon jan resous nan lang nasyonal la (DeGraff 2014). Wi, atik sa a se yon jefò, ki baze sou lasyans, nan sèvis ti moun ak gran moun ki bezwen bon jan zouti pou yo vin maton nan lekti ak ekriti nan lang nasyonal la.

⁸ Gen dokimantasyon piblik ki disponib sou echantyon lekòl ak rezo edikatè ki jwenn *Chante Alfabè Kreyòl La* depi 2015 (Louis-Charles *et al* 2015). Se Mandaly Claude Louis-Charles — fanm vanyan, wi ! — ak ekip li (Louis-Charles 2015) ki te fè gwo jefò pou yo distribye resous sa a nan plizyè lekòl nan peyi a :

<http://sweetcoconuts.blogspot.com/2015/10/elev-nan-lekol-ayiti-yo-ap-chante.html>

<https://fb.watch/lpJsOU8kpv/>

<https://www.facebook.com/teachforhaiti/photos/a.1446849828904165/1687434251512387/>

<https://www.facebook.com/media/set/?vanity=michel.degraff&set=a.10160904120868872>

Rechèch Etid Kreyòl

Evalyasyon 1^e seksyon EsÒKA (dispozisyon 1–3) sou lèt ak grafèm

Nan 1^e seksyon sa a, EsÒKA separe 2 konsèp nan grafi kreyòl la — « *grafèm* » ak « *lèt* » :

« Lang kreyòl la konpoze ak yon lis 24 *lèt* ki sèvi nan fòmasyon 32 *grafèm* ».

Nan pwopozisyon sa a, gen *grafèm* ki gen 1, 2 oswa 3 *lèt* ladan. Egzanp : Lè n gade *grafèm* <an>, <ch>, <en>, <ng>, <on> ak <ou> nan kad pwopozisyon sa a, yo chak ta gen 2 *lèt* ladan. *Grafèm* <an> ta gen 2 *lèt* ladan (« a » ak « n ») ; *grafèm* <ch> ta gen 2 *lèt* ladan (« c » epi « h ») e latriye. Nan pwopozisyon sa a, fòk nou ta abandone lide ki di alfabè kreyòl la chita sou yon prensip fondamantal kote *chak LÈT mache ak yon sèl SON*. Pa egzanp, si nouvo pwopozisyon sa a ta valide nan yon rezolisyon ki ofisyèl, sa pral mande pou ti moun yo aprann gen *lèt* nan grafi kreyòl la, tankou *lèt* « c », ki pa mache ak okenn son nan lang lan. E poutan, lide sa a ki di « *chak LÈT mache ak yon sèl SON* » se prensip fondamantal ki bay grafi kreyòl la yon bèl transparans fonemik ki pèmèt aprenan yo rive metrize grafi kreyòl la pi byen e pi rapid pase grafi lòt lang tankou franse kote grafi a pa chita sou prensip fonemik sa a. Pa egzanp, nan lang franse a, kote grafi a « *opak* », gen *lèt* (tankou <c>, <s>, <g>) ki pa mache ak yon sèl son (egzanp : « c » mache ak son /k/ nan « *caça* » epi son /s/ nan « *cellule* ») epi gen *son* ki mache ak plis pase yon *lèt* (tankou « on » ki gen 2 *lèt* ladan l e ki mache ak yon grenn son /õ/) epi gen son /o/ ki mache ak plizyè konbinezon *lèt* ki diferan (tankou nan « au », « aux », « eau », « saut », « mot », « bientôt », « trop » e latriye — nou te deja wè egzanp sa yo nan entwodiksyon atik la).

Ki donk, sanble se prensip òtograf franse a ki gide EsÒKA nan pwopozisyon ki ta vin fè yon grenn son an kreyòl, tankou konsòn /š/ nan « chouchou », vin mache ak 2 *lèt* sa yo, « c » ak « h », nan yon grenn *grafèm* <ch> — menm jan ak « ch » an franse. Men, lè yon aprenan vin aprann gen 2 *lèt* (« c » ak « h ») nan <ch>, sa se yon pawòl ki pral afebli relasyon kif kif (« *bijeksyon* ») ki nan nannan transparans fonemik grafi kreyòl la kote se *chak grenn LÈT ki*

dwe mache ak yon grenn SON. Epi, sonje, nan sistèm EsÒKA a, vin gen lèt tankou « c » ki pa mache ak okenn son !

Dapre rezilta rechèch syantis tankou Fayol (2006) ak Dehaene (2011), sanble sa pi itil pou aprenan yo si, depi an lagan, yo ka mete *chak grenn lèt nan korespondans kif kif ak yon grenn son.* Egal : sa fasilite aprantisaj la lè aprenan yo ka konsidere <ch> *kòm yon grenn lèt ki mache ak son /š/.* Mete 2 lèt separe nan <ch> se yon envitasyon pou aprenan yo, depi an lagan, separe grafèm lan an 2 inite « c » ak « h » kote chak nan 2 inite sa yo gen non pa yo alòs ke 2 inite sa yo pa antre nan pwononsyasyon <ch> ki koresponn ak yon grenn son : /š/. Se kon sa tou, lè n mete 2 lèt nan <ch>, sa pral envite aprenan yo pou yo konsidere gen lèt tankou « c » ki pa mache ak okenn son ! *Apwòch sa a pa konfòm ak chapant fonemik grafi ofisyèl kreyòl la ki, depi 1980, tabli yon korespondans kif kif ant lèt ak son.* Pwoblèm sa a se youn nan tematik nou t ap brase lide sou yo nan Konsèy AKA lè yo te vin pibliye premye rezolisyon sou òtograf kreyòl la an jen 2017 kote AKA te premye entwodui diferans sa a ant lèt ak grafèm.

Petèt gen lektè k ava mande si m pa konfonn nosyon *lèt* la ak nosyon *grafèm* lan sizanka yo ta defini yon *grafèm* kòm korespondan grafik yon son epi, pou sèten grafèm, grafèm lan ka gen plizyè *lèt* kote konbinezon plizyè lèt sa yo koresponn ak yon sèl son. Wi, se vre : *grafèm* se reprezantasyon grafik yon *fonèm* (egal : yon son). Men, nan yon grafi ki fonemik tankou grafi kreyòl la, se yon gwo avantaj pou aprantisaj ti moun yo lè « *lèt* » sèvi kòm sinonim pou « *grafèm* ». Lè kon sa, pito n di yon « *grafèm* » (egal : yon *lèt*) ka gen plis pase yon *graf* ladan — tankou nan *digraf* <an>, <ch>, <ng>, <on> e latriye kote yon grenn *lèt* gen 2 *graf* ladan. Se nomanklati sa a k ap ede nou anseye ti moun yo prensip alfabetik fondamantal nan lang kreyòl la ki di « *chak lèt mache ak yon grenn son* » (egal : *chak lèt/grafèm reprezante egzaktman yon grenn son/fonèm*).⁹ Nan yon sistèm kon sa, nou pa bezwen bay *graf* yo non separe ; se *lèt* yo ki pouse son e ki bezwen non. Epi nou ka rele « c » « *premye graf nan*

⁹ Nomanklati sa a ap tou rezoud youn nan pwoblèm Lemèt Zefi (2017 : 101–105) te souleve e ki, dapre li, vin fè grafi kreyòl la pa fin 100% « ideyal » menm lè li rive « pre òtograf ideyal la » (ibid :101).

Rechèch Etid Kreyòl

lèt <ch> » epi « h » « *dezyèm graf nan lèt <ch>* ». Diferans sa a enpòtan, wi, paske *graf* yo (egzanp : *graf* « c » ak *graf* « h » nan *lèt <ch>*) pa pouse son nan grafi kreyòl la ; se *lèt* yo (egzanp : <ch>) ki pouse son.

Dapre analiz mwèn la a, ki ofri yon diferans fondamantal ant *lèt* (egal : *grafèm*) ak *graf*, premye seksyon pwojè pwopozisyon AKA sa a vin kreye yon difikilte ki pi grav toujou lè li rele *graf* yo « *lèt* » epi lè li bay *graf* yo yon seri non kote plizyè nan non sa yo soti nan alfabè franse a :

« **DISPOZISYON 1.** Lis [24] *lèt* nan alfabè a : a (a) - b (be) - c (se) - d (de) - e (e) - f (fe) - g (ge) - h (he) - i (i) - j (je) - k (ke) - l (le) - m (me) - n (ne) - o (o) - p (pe) - r (re) - s (ès) - t (te) - u (ui) - v (ve) - w (we) - y (ye) - z (ze). »

Dispozisyon #1 sa a tou fè pwomosyon yon apwòch frankofil kote se konvansyon grafi *franse* a (yon grafi *etimolojik* ki *opak* kote *graf* yo se « *lèt* ») ki pral sèvi kòm gid pou anseyan ki pral montre ti moun yo grafi *kreyòl* la (yon grafi *fonemik* ki *transparan* kote *chak lèt mache ak yon grenn son*). Kounye a, an n gade seri non ki pral sèvi pou *grafèm* kreyòl yo nan pwopozisyon AKA yo :

« **DISPOZISYON 2.** Lis *grafèm* yo ak non yo : a (a) - an (an) - b (be) - ch (che) - d (de) - e (e) - è (è) - en (en) - f (fe) - g (ge) - h (he) - i (i) - j (je) - k (ke) - l (le) - m (me) - n (ne) - ng (nge) - o (o) - ò (ò) - on (on) - ou (ou) - oun (oun) - p (pe) - r (re) - s (ès) - t (te) - u (ui) - v (ve) - w (we) - y (ye) - z (ze). »

La tou, nou ka wè enfliyans non *lèt* franse yo sou jan *EsÒKA* chwazi non pou *grafèm* kreyòl yo. Epi lè *EsÒKA* bay « nge » kòm non pou *grafèm* <ng>, non sa a pa konfòm ak chapant fonolojik lang kreyòl la paske son /ŋ/ sa a — tankou nan « hing hang », « ping pong » e latriye — pa janm parèt nan kòmansman silab. Men, *EsÒKA* vin kreye yon non « nge » ki pa koresponn, ditou pyès, ak chapant lang lan e ki pral kreye difikilte pou aprenan yo. Ki vle di : *Non lèt alfabè kreyòl nan EsÒKA antre an kontradiksyon dirèk ak chapant son nan lang kreyòl la.*

Se byen domaj Komisyon Syantifik la pa konsidere pwopozisyon ki nan

Chante Alfabè Kreyòl La kote non lèt yo koresponn, kòm sa dwa, ak chapant fonoloji lang lan (Louis-Charles *et al* 2015). Nan chante sa a, non lèt <ng> se « ang » kote konsòn nazal /ŋ/ sa a byen chita nan fen silab la. Epi, pou tout lòt konsòn yo, nou sèvi ak /a/ nan nwayo silab la pou n byen kore pwononsyasyon ak pèsepsyon konsòn lan dapre syans fonetik ak distribisyon vwayèl yo nan vokabilè kreyòl la (DeGraff & Louis-Charles 2019).

Komisyon Syantifik (KS) AKA pa di anyen menm sou fondasyon syantifik ki sèvi nan chwa non graf ak grafèm sa yo ki nan EsÒKA. Ki donk, nou ka fè ipotèz se preferans pèsònèl ak ideyoloji kolektif manm KS yo ki mennen yo nan difikilte yo vin kreye nan pwopozisyon sa yo pou grafi kreyòl la. Enben, se menm ipotèz sa a ki ka ede n konprann pou ki sa yo vin retire grafèm <ui> nan grafi kreyòl la epi yo vin mete yon grafèm <u> nan plas <ui> epi yo deside rele nouvo grafèm <u> sa a « ui » ! Mwen pa rive konprann lojik ki fè EsÒKA pwopoze pou n ta retire grafèm <ui> nan alfabè a epi pou n sèvi ak son grafèm sa a (egal : « ui ») pou n rele yon nouvo grafèm n ap ekri « u ».

Dispozisyon #3 ofri rezonnman sa a :

« u (ui) plis gen konpòtman vwayèl »

Epi EsÒKA deklare « demi vwayèl <u> ka mache avèk lòt vwayèl ». Sa vle di, dapre EsÒKA, nou ka ekri : « nuaj », « sue », « ruèl » ki koresponn ak mo ki gen vwayèl won devan bouch alòs ke vokabilè kreyòl la deja gen mo « nyaj », « sye », « riyèl » ki pwononse ak vwayèl ki pa won. N ava remake, lè n ekri « nuaj », « sue », « ruèl », nou gen yon vwayèl won ki pwononse devan bouch e ki pral kreye yon seri mo k ap mete pwononsyasyon lang kreyòl la ann aliyman ak pwononsyasyon lang franse a. Grafi Depatman Edikasyon Nasyonal 1980 an pa bay mwayen pou n ekri mo nan kreyòl fransize sa a paske se sèlman nan grafèm <ui> nou jwenn reprezantasyon demi vwayèl /ɥ/ — egal : grafi Depatman Edikasyon Nasyonal 1980 an

Rechèch Etid Kreyòl

pèmèt /ɥ/ devan /i/¹⁰ nan yon ti pwenyen mo tankou « uit », « luil », « zuit », « pwodui », « kuizin », « lannuit » e latriye ki deja byen chita nan vokabilè kreyòl la a kote varyant « lwil », « zwit », « kwizin », « kizin » e latriye (Fattier 1998).

Yon lòt pwoblèm ki parèt ak non grafèm <u> sa a se lè nou pral rele grafèm sa a /ɥi/ lè li parèt nan mo tankou « nuaj », « sue », « ruèl » e latriye kote nou pa gen okenn vwayèl ki koresponn ak vwayèl /i/ nan /ɥi/. La tou, KS AKA vin kreye yon lòt douk ant non grafèm yo ak fason nou pwononse grafèm sa yo nan vokabilè kreyòl la. Sa se yon lòt sous difikilte AKA vin entwodui nan grafi kreyòl la.

Evalyasyon 2yèm seksyon EsÒKA (dispozisyon 4–7) sou mo, pawòl, dekoupaj mo / leksèm

Ki sa yon « mo » ye ? Nou pa fouti reponn kesyon fondamantal sa a si n pa fouye zo nan kalalou syans lengwistik. Konsèp « mo » sa a se yon konsèp teyorik ke n pa fouti defini an deyò lasyans. Dezyèm seksyon sa a nan EsÒKA pwopoze kritè pou n idantifye ki sa yon « mo » ye — pou n rive reprezante mo sa yo byen separe sou papye kòm sa dwa. Malerezman, definisyon « mo » nan EsÒKA vin kreye konfizyon konsènan idantifikasyon ki sa yon « mo » ye :

« Yon mo se yon grafèm oswa yon gwoup grafèm ki ka kanpe pou kont li paske li antre nan yon kategori leksikal oswa nan yon kategori gramatikal »

Definisyon sa a melanje 2 nivo reprezentasyon — reprezentasyon *mantal* (pou kategori leksikal ak kategori gramatikal ki koresponn ak antite ki nan gramè ki nan tèt moun ki pale lang lan) epi reprezentasyon *grafik* (egal : « grafèm oswa gwoup grafèm » ki reprezante pawòl ki kouche sou papye). EsÒKA rapousuiv amalgam sa a, ki melanje reprezentasyon *mantal* ak

¹⁰ Depatman Edikasyon Nasyonal (1980) te fè yon erè lè l te mete <ui> nan menm kategori ak <w> epi <y> kòm « vwayèl-konsòn (demi vwayèl) ». An reyalyite, <ui> se reprezentasyon yon *diftong* (egal : yon vwayèl e demi kote /ɥ/ se yon *demi* vwayèl epi /i/ se yon *vwayèl*).

reprèzantasyon *grafik*, nan yon seri dyagnostik ki melanje divès nivo analiz lengwistik : etimoloji, mòfoloji, sentaks ak semantik.¹¹ An n analize amalgam sa a :

« **DISPOZISYON 4** — Kontèks kote AKA pwopoze kole mo :

4a. Lè yon mo fè pati yon *ekspresyon fije*,

4b. Lè yon mo fè pati yon *chenn pawòl*,

4c. Lè gen kèk segman nan mo a ki *soti nan yon lòt lang*,

4d. Lè gen yon segman nan chenn pawòl la ki *pa egziste pou kont li nan yon kategori nan lang nan*,

4e. Lè segman an pa jwe *okenn fonksyon gramatikal ou leksikal*. »

[Note byen : Se mwen ki ajoute italik yo pou anfas.]

Èske dyagnostik sa yo klè vre ? Enben, an n evalye chak nan kritè 4a–4b sa yo :

Konsènan kritè 4a : Kole mo « lè yon mo fè pati yon ekspresyon fije »

Kritè sa a pa esplike ki jan pou n idantifye « ekspresyon fije » sa yo. An tou ka, fòk nou mande : Èske n oblije analize ekspresyon fije sa yo kòm si se yon grenn mo ? Èske pa genyen pami « ekspresyon fije » sa yo ki gen sentaks nou ka analize selon chapant lang lan ? Èske pwononsyasyon (egal : fonetik) « ekspresyon fije » yo pa ofri evidans (egzanp : aksan tonik) ki vle di gen mo separe nan ekspresyon sa yo tou ?

Se menm kesyon sa yo pou n poze konsènan ekspresyon idyomatik nan lang lan tankou « chen janbe », « chè mètrè chè mètrè », « zannana pou sizàn », « lave men siye atè », « voye wòch kache men » e latrèye kote

¹¹ Gen yon evalyatè anonim ki poze pwoblèm lan yon fason ki klè kon dlo kokoye : « Enben, [èske] yon mo gen yon dimansyon ekri sèlman [?] Èske lè yon moun ap pale, li pa pwodui mo?!? » Kesyon sa a enpòtan, wi, sitou lè n konsidere dimansyon *fonetik* (egzanp : aksan tonik) ki ka ede n idantifye kote pou n separe mo yo alekri. N ap tounen sou sa nan tèks la.

Rechèch Etid Kreyòl

espresyon idyomatik sa yo byen chapante dapre sentaks lang lan epi nou pwononse espresyon sa yo ak yon seri aksan tonik ki montre se plizyè mo ki antre nan espresyon sa yo. Pa egzanp, kit « chen janbe » se yon gwoup nominal pou yon kalite manje (« *Chen janbe* machann sa a se koupe dwèt ! ») oswa se yon fraz (« Gade yon manje (ke) *chen janbe* ! »), nou jwenn menm entonasyon an kote gen aksan tonik ki tonbe sou silab « chen » epi sou dènye silab « janbe » (« CHEN janBE ») kote nou mete majiksil sou silab ki pote aksan tonik la) epi sa tou di nou gen 2 mo nan « chen janbe » kit li gen sans idyomatik, kit li gen sans literal. Kanta espresyon idyomatik « chè mèt chè mètrès », lè nou pwononse espresyon sa a, nou ka tandè yon seri aksan tonik — « CHÈ mèt CHÈ mèTRÈS » kote mwen mete majiskil nan silab ki pran aksan tonik la — ki montre se 4 mo ki antre nan espresyon idyomatik sa a. Wi, lè n ap separe mo nan lang kreyòl la, nou dwe sonje lang lan gen yon sistèm fonolojik kote aksan tonik la, *an jeneral*, tonbe sou dènye silab mo yo — eksepsyon yo depann de kontrent sentaksik ak fonolojik, egzanp : èske mo a se yon sèl grenn silab oswa èske se yon klitik ? (Cadely 2010, Travieso 2023).¹²

An tou ka, lè n konpare longè mo yo nan « chè mèt chè mètrès » ak « chèmètchèmètès », nou ka wè separasyon mo sa yo nan espresyon idyomatik yo gen yon avantaj nou dwe konsidere pou aprantisaj lekti :

¹² Nou ka remake gwoup nonimal « CHÈ mèt » nan « CHÈ mèt CHÈ mèTRÈS » gen menm plasman aksan tonik ak gwoup nominal « BÈL fanm » kote aksan tonik gwoup nominal la tonbe sou adjektif la sèlman — nan done sa yo, ni adjektif la ni non an gen yon grenn silab. Sa se yon lòt done ki montre nou « chè mèt chè mètrès », ata nan sans idyomatik li, byen chita nan chapant gwoup nominal lang kreyòl la — ki donk, se pa yon grenn mo tou kole. Nou ka aplike menm kalite analiz sa a pou n idantifye 2 mo (yon adjektif epi yon non) nan « bon jou », « bon swa », « ti moun », « gran moun » e latriye. Epi, tou, an kreyòl, lè mo yo gen twa oswa plis silab, gen yon dezyèm aksan (yon aksan « segondè ») ki konn tonbe sou yon lòt silab (egzanp : sou premye silab la lè mo a gen twa silab). Detay fonetik sa yo enteresan anpil ; men, sa pa nesèsè pou n analize tout detay sa yo nan kad atik sa a. M ap pwofite remèsye Doktoran Christopher Legerme nan *MIT Linguistics* pou brase lide (« braSE liDE » !) nou fè ansanm sou tematik sa a.

opsyon dekole a (« chè mèt chè mètrès ») kreye mo ki pi kout sou papye pase opsyon kole a (« chèmètchèmètès »). Wi, rechèch montre jan lekti mo *kout* pi fasil pase lekti mo *long* — sitou pou ti moun k ap aprann fè lekti (Lubineau *et al* 2023). Lè mo yo pi kout, sa ede ti moun yo segmante tèks la an lo ki pi piti e ki antre pi rapid nan sèvo ti moun yo kote yo ka entèprete mo yo pi fasil lè yo pi kout epi yo pran mwens plas nan memwa ti moun yo.

Konsènan kritè 4b : Kole mo « lè yon mo fè pati yon chenn pawòl »

Mwen pa konprann pwopozisyon sa a. Èske se pa tout mo — kèl ke swa mo a — ki gen kapasite pou « fè pati yon chenn pawòl » ?

Konsènan kritè 4c : Kole mo « lè gen kèk segman nan mo a ki soti nan yon lòt lang »

Se tout lang ki konn pran mo oswa mòfèm nan lòt lang. Lang kreyòl la pran plizyè mo ki soti nan lang Lafrik Ginen yo (« oungan », « ounfò », « ounsi », « ayibobo »...), nan angle (« tep » ki soti nan « *tape* », « klip » ki soti nan « *clip* », « bokit » ki soti nan « *bucket* »...), nan panyòl (« kabès » ki soti nan « *cabeza* », « sapat » ki soti nan « *zapato* »...) (Anglade 1998, Govain 2014, Travieso 2023). Menm si mo sa yo soti nan lòt lang, yo tout se non ki byen egziste kòm mo ki ka pwononse pou kont yo selon envantè vokabilè kreyòl la — mo sa yo pa bezwen ekri kole ak lòt mo.

Konsènan kritè 4d : Kole mo « lè gen yon segman nan chenn pawòl la ki pa egziste pou kont li nan yon kategori nan lang nan »

An jeneral, mo ki nan kategori gramatikal lang lan (makè tan, aspè ak modalite tankou « te », « ap » ak « ava », atik tankou « yon » ak « la » e latrye) pa ka pwononse pou kont yo (yo « pa egziste pou kont yo ») — paske fonksyon gramatikal yo mande pou yo mache ak lòt inite nan fraz la (gwoup nominal, gwoup vèbal e latrye). Gen kategori leksikal (tankou prepozisyon) ki gen mo (tankou « sou », « ak », « nan », « an », « o » e latrye) ki pa ka pwononse pou kont yo non plis — paske prepozisyon sa yo bezwen yon lòt gwoup mo (egzanp : gwoup nominal) pou yo ranpli fonksyon yo kòm prepozisyon ki dwe vini anvan yon non. Epi, tou, fòm kout pwonon yo (tankou « m », « w », « l », « n », « y ») pa ka pwononse pou kont yo non plis — paske, kòm klitik, fòk yo chache apiye tèt yo sou yon lòt mo ki a kote yo.

Rechèch Etid Kreyòl

Èske sa vle di nou pral oblije retire tout eleman sa yo nan kategori « mo » epi nou pral oblije kole yo ak lòt mo lè n ap kouche yo sou papye ? Lè n konsidere « m », « t » « ap », « yon » pa ka pwononse pou kont yo, èske fòk nou ta ekri « Mtapchante akMari nanyonounfò » nan plas « M t ap chante ak Mari nan yon ounfò » ?

Non, sa se ta yon move desizyon ki baze sou yon move definisyon « mo » — paske yon mo ka rete yon mo nan grafi lang lan menm si li pa ka pwononse pou kont li dapre kontrent gramatikal nan chapant lang lan. Pa egzanp, fòm kout pwonon yo (tankou « m ») se mo tou — ki nan leksik lang lan a kote fòm long yo (egal : « m » ak « mwen » patisipe nan menm kategori leksikal nan leksik lang lan, kòm pwonon premye pèsòn sengilye). Epi n ava remake kritè 4d sa a tou antre an kontradiksyon dirèk dirèk ak pawòl nan EsÒKA ki di kon sa :

« AKA rekòmande pou itilizatè a izole chak mo nan chenn pawòl la pou lektè a ka byen konprann sa li ekri a »

Epi egzanp yo bay pou sa se :

« M di l w ap vini »

Nan egzanp sa a, nou jwenn 4 mo (3 pwonon « m », « l », « w » plis yon makè tan ak aspè « ap ») ki pa janm pwononse pou kont yo. Ki donk, lè n aplike kritè 4d a, fòk nou ta ekri « Mdil wapvini » ! Egzanp sa a montre nou klè gen kontradiksyon nan dispozisyon EsÒKA pou dekoupaj mo.

E poutan, Komisyon Syantifik (KS) nan AKA nan lane 2015–2017 te prepare dokiman 75 paj mwen deja mansyone a ki te esplike metòd pou n idantifye mo nan lang kreyòl la. Travay sa a te fèt nan preparasyon « *Premye rezolisyon sou òtograf lang kreyòl ayisyen* » (PReSÒLKA) ki te pibliye nan mwa djen 2017. Men, EsÒKA pa konsidere kontni rapò PReSÒLKA ki te sèvi pou premye rezolisyon AKA a.

An tou ka, kòm se mwen ki te kowòdone travay KS la an 2015–2017, mwen ka esplike ki twa kritè nou te pwopoze pou n idantifye ki sa yon « mo » ye :

Yon mo (an n rele mo sa a « M_1 ») se, *premyeman*, yon inite ki rantre nan yon kategori gramatikal (atik, makè tan, konjonksyon e latriye) oswa yon kategori leksikal (non, vèb, advèb, adjektif, prepozisyon e latriye) — sa se *kritè kategorizasyon* — epi, *dezyèmman*,

- a) M_1 ka pwononse pou kont li epi M_1 gen pwòp sans li oswa pwòp fonksyon li — *sa se kritè de baz la* — OSWA
- b) M_1 ka pwononse a kote yon lòt mo n ap rele « M_2 » (egal : nou jwenn fraz ki gen « ... $M_1 M_2$... » ladan) kote nou deja idantifye M_2 kòm mo oswa M_2 ka pwononse pou kont li nan sèten kontèks, M_2 gen pwòp sans oswa fonksyon li, epi M_2 pa oblije antre nan yon sèl grenn kategori leksikal oswa gramatikal — *sa se kritè pou faktorizasyon* (nou ka aplike kritè sa a sizanka kritè de baz la pa ka aplike, pa egzanp, si M_1 se yon eleman gramatikal tankou atik, makè tan, aspè, modalite e latriye ki pa ka pwononse pou kont li).

Dapre twa kritè sa yo (kritè kategorizasyon ; kritè de baz ; kritè pou faktorizasyon), nou ka idantifye fòm kout pwonon yo (« m », « w », « l », « n », « y »...), atik (« yon », « la »...) makè tan ak aspè yo (« te », « ap »...), prepozisyon yo (« sou », « ak », « nan », « an », « o »...) kòm mo ki dwe ekri dekolè menm si yo pa ka pwononse pou kont yo.

Egzanp : Dapre kritè faktorizasyon, « m » se yon mo paske li antre nan yon kategori leksikal kòm pwonon epi li ka pwononse a kote « ale » nan « m ale » epi nou deja konnen « ale » se yon vèb ki ka pwononse pou kont li ; epi tou, « m » ka pwononse a kote « deja » nan « M deja ale » kote « deja » se yon advèb. Nou ka aplike menm metòd sa a pou tout lòt eleman ki nan kategori gramatikal e ki pa ka pwononse pou kont yo. Ki donk, twa kritè sa yo ka ede n evite kontradiksyon ki nan kritè EsÒKA yo.

Dapre kritè sa yo, afiks tankou « -e » nan « tepe », « klipse » e latriye p ap antre nan kategori « mo » paske yo pa nan kategori gramatikal oswa leksikal (yo pa satisfè kritè kategorizasyon) epi yo toujou pwononse a kote eleman ki antre nan yon grenn kategori leksikal (yo pa satisfè kritè faktorizasyon).

Epi, tou, lè n sonje vokabilè kreyòl la gen tandans pou l mete aksan tonik sou dènnye silab mo yo, nou toujou ka sèvi ak aksan tonik la pou n chache fwontyè ki separe mo yo (Cadely 2010, Travieso 2023).

Rechèch Etid Kreyòl

Konsènan kritè 4e : Kole mo « lè segman an pa jwe okenn fonksyon gramatikal ou leksikal »

Ki jan pou n deside « lè segman [n ap kole a] pa jwe okenn fonksyon gramatikal ou leksikal » ? Se analiz lengwistik ki pou ede n idantifye « fonksyon gramatikal ou leksikal », pa vre ? Malerezman, EsÒKA pa ofri analiz pou idantifikasyon fonksyon sa yo. An n konsidere, pa egzanp, yon pawòl tankou « lè maten » ke m chwazi ekri ak 2 mo ki byen separe. Èske AKA dwe mande n ekri « lèmaten » (kòm « espresyon fije » ?) nan plas « lè maten » ? An n analize gwoup nominal sa yo :

« lè maten »

« lè swa »

« lè lendi »

« lè madi »

...

« lè dimanch »

« lè lendi maten »

« lè madi maten »

...

« lè dimanch maten »

...

« tou lè maten »

« tou lè swa »

« tou lè lendi »

« tou lè madi »

...

« tou lè dimanch »

« tou lè lendi maten »

« tou lè madi maten »

...

« tou lè dimanch maten »

...

« tou lè 200 mètr »

« tou lè 5 kilomèt »

...

Paradig sa a demontre wòl « lè » kòm detèminan nan gwoup nominal. Lè n aplike kritè kategorizasyon, kritè de baz ak kritè faktorisasyon sou espresyon sa yo, nou ka idantifye « lè » kòm yon mo apa ki dwe ekri byen separe. Sa se yon egzanp ki demontre enpòtans analiz lengwistik nan desizyon sa yo.

Kounye a, an n konsidere « poko » kòm egzanp EsÒKA bay kote gen « segman [ki] pa jwe okenn fonksyon gramatikal ou leksikal ». E poutan, nou ka analize « po ko » (an 2 mo) kòm varyant « pa ko ». Nan varyant « pa ko » a, nou gen « pa » kòm makè negasyon epi « ko » kòm advèb ki konn parèt separe tou ; epi, tou, nou menm ka separe 2 mo sa yo ak yon makè tan : « Èske mwen te *ko* di ou leve a jenou ? Non, ou *pa* te *ko* di m leve a jenou » (Vernet 1981 : 64). Enben, sa vle di : « pa » ak « po » se 2 varyant ki gen fonksyon gramatikal ki byen klè nan « pa ko » ak « po ko » : yo tou lè 2 se makè negasyon. Fattier (1998 : 70) dokimante lòt varyant sa yo tou : « pan ko », « pon ko ». Done sou « pa(n)/po(n) ko » sa yo tou demontre enpòtans analiz lengwistik nan « estandadizasyon » ekriti kreyòl la.

Nan ka prepozisyon « an » ak « o » ki sèvi pou kreye gwoup prepozisyonèl ki dekri lokalite tankou « an Frans » ak « o Meksik », Dispozisyon #6 ak Dispozisyon #7 nan EsÒKA chita sou analiz ki antre an kontradiksyon dirèk ni ak kritè 4d ni ak analiz fenomèn alomòfi ki egziste nan lang lan.¹³

¹³ Dispozisyon #5 lan di kon sa : « Nan ka kote ekritè a ka ranplase yon leksèm avèk yon lòt leksèm, chak leksèm se yon mo separe. Egzanp: Pasèddlo vs pasè dlo ; Manjèdkann vs manjè kann ; Manjèdkòd vs manjè kòd ; Koupèdkann vs koupè kann. » Mwen pa konprann dispozisyon sa a menm menm. Men, kòm « d » se yon prepozisyon (fòm kout « de »), mwen panse nou ka ekri « pasè d dlo », « manjè d kann », « manjè d kòd », « koupè d kann » kòm gwoup nominal [N GP] — egal : yon non N_1 ak yon gwoup prepozisyonèl GP ki gen yon prepozisyon P ak yon non N_2 ladan. Ki fè nou pa ta dwe ekri « pasèddlo », « manjèdkann », « manjèdkòd » ak « koupèdkann » kote prepozisyon an kole ak N_1 epi N_2 . Epi tou, lè n pwononse gwoup nominal sa yo, nou ka tandè yon aksan tonik sou N_1 epi yon lòt aksan tonik sou N_2 . Sa tou se done ki montre nou gen 3 mo separe : yon premye non N_1 , yon

Rechèch Etid Kreyòl

« **DISPOZISYON 6** : Nan ka prepozisyon « an » an, nouvo rezolisyon an rekòmande pou yo dekole prepozisyon « an » ni devan mo ki kòmanse ak vwayèl, ni devan mo ki kòmanse ak konsòn. Egzanp :

An Ayiti, an kachèt, an aliminyòm, an End. »

« **DISPOZISYON 7** : Nan ka ‘o’ ki devan sèten non pwòp peyi ki koumanse ak yon konsòn, nou dekole yo [‘o Meksik’]. Devan non ki koumanse ak vwayèl yo, se yon aglityasyon ki fèt, sa vle di nou kole yo ... ‘(Oz)Etazini’ ka ekri kole, men AKA ankouraje itilizasyon ‘Etazini’ (‘M rete Etazini’) ... »

An n analize dispozisyon #6 ak #7 sa yo pou n eseye konprann metòd, analiz ak objektif ki antre nan EsÒKA sou itilizasyon prepozisyon sa yo.¹⁴ An patan, nou ka obsève yon prepozisyon tankou « an » pa ka pwononse pou kont li : se chapant sentaks lang lan ki mande pou prepozisyon « an », tankou lòt prepozisyon nan lang lan, mache ak yon non ki sèvi kòm objè prepozisyon an (yon non tankou « kachèt » nan « an kachèt » kote « kachèt » se yon non ki fonksyone kòm objè prepozisyon « an » epi non an

prepozisyon *P* epi yon dezyèm non *M*. M ap tounen sou enpòtans analiz lengwistik sa yo nan tèks la.
¹⁴ Analiz Renauld Govain (2022) sou prepozisyon « an(n) » ak « o(z) » — nan « an kachèt », « ann Ayiti », « o Meksik », « oz Etazini » — sanble ak analiz sa yo ki nan EsÒKA menm lè yo pa menmman parèyman. An tou ka, analiz mwen yo sou prepozisyon sa yo tou manyen pwoblèm ki nan analiz Govain yo tou.

Gen yon pati nan analiz ak done nan agimantè Lemèt Zefi (2017) sou prepozisyon « ann » sa a ki ale nan menm sans ak analiz mwen an. Zefi montre klè lang kreyòl la pa gen fenomèn lyezon ladan. Ki donk, fòk nou aksepte « ann » kòm alomòf « an » epi fòk nou ekri « an Frans » ak « ann Ayiti ». Men, definisyon « mo » m ofri nan atik sa a, pou n idantifye mo ki dwe ekri dekole, pa menm ak kritè Zefi yo. Malerezman, nou pa gen ase plas nan atik sa a pou n antre nan detay konparezon ant analiz mwen ak analiz Zefi.

mete ak prepozisyon an pou yo fòme yon gwoup prepozisyonèl). Enben, si n t ap aplike kritè 4d nan EsÒKA, fòk nou ta kole « an » ak « o » ansanm ak mo ki vin ann apre yo. Ki donk, nan lojik sa a, nou ta dwe ekri « ankachèt » kole epi ekriti sa a t ap tou antre nan kontradiksyon ak Dispozisyon #6 ak #7 ki mande pou n dekole « an » ak « o » kòm mo separe.

Solisyon an senp, wi, e li chita sou analiz lengwistik lang lan : Menm si « an » ak « o » pa ka pwononse pou kont yo, sa pa anpeche pou « an » ak « o » fonksyone kòm mo ki byen separe nan lang lan — se 2 prepozisyon. Kritè ke Komisyon Syantifik AKA te defini pou *Premye rezolisyon sou òtograf kreyòl (PREsÒLKA)* pa gen pwoblèm ak sa — paske nou ka analize « an » ak « o » kòm prepozisyon epi kritè faktorisasyon an ap bay « an » ak « o » kòm mo depi yo parèt a kote mo tankou « kachèt » nan « an kachèt » ak « Meskik » nan « o Meksik » kote « kachèt » a « Meksik » se 2 non ki ka pwononse pou kont yo.

Yon lòt pwoblèm ki parèt nan analiz EsÒKA sou « an » ak « o » se absans alomòf « ann » ak « oz » kòm mo separe nan « ann Ayiti » ak « oz Etazini ». EsÒKA mande pou n ekri « an Ayiti » nan plas « ann Ayiti » epi fòk nou ta ekri « (oz)Etazini » nan plas « oz Etazini ». Sa se yon lòt egzanp kote EsÒKA iyore analiz lengwistik (egzanp : analiz Lemèt Zefi an 2017) ak pwopozisyon ki nan rapò ke Komisyon Syantifik AKA te ekri an 2016 pou preparasyon PREsÒLKA.

Enben, m ap ofri yon ti rezime obsèvasyon ak analiz ki te nan rapò 2016 sa a kote « ann » se alomòf prepozisyon « an ». An jeneral, « an » parèt devan mo ki kòmanse ak konsòn (« an kachèt ») epi « ann » parèt devan mo ki kòmanse ak vwayèl (« ann Ayiti »). Nou jwenn menm kalite fenomèn alomòfi sa a nan lòt mo tankou « o » ak « oz » nan « o Meksik » epi « oz Etazini ».

Nan analiz EsÒKA pou altènans « o »/« oz » sa a, « o » dwe separe epi « oz » dwe kole — paske, selon EsÒKA, « se yon aglityasyon ki fèt, sa vle di nou kole yo ». Men, si pou n suiv lojik analiz EsÒKA ofri pou prepozisyon « an » ki gen menm sentaks ak prepozisyon « o », sanble fòk nou ta ekri « o Etazini » nan plas « oz Etazini » menm jan nou ekri « an Ayiti » nan plas « ann Ayiti ». Men, si n ekri « o Etazini », ki kote n ap jwenn son /z/ ki

Rechèch Etid Kreyòl

pwononse devan « Etazini » ? Se sèlman moun ki pale franse ki konnen gen yon fenomèn lyezon ki bay son /z/ devan « *États-Unis* » nan « *aux États-Unis* » an franse. Men, lang kreyòl la pa gen menm kalite fenomèn lyezon sa a. Ki donk, sanble sa gen pi plis sans pou n ta konsidere « oz » nan « oz Etazini » kòm yon alomòf prepozisyon « o » nan « o Meksik » epi se kon sa, tou, fòk nou ta konsidere « ann » nan « ann Ayiti » kòm yon alomòf prepozisyon « an » nan « an kachèt ». Se menm fenomèn alomòfi sa a nou jwenn nan lang angle tou kote atik endefini « a » parèt devan non ki kòmanse ak konsòn (« *a book* ») epi menm atik endefini sa a vin remèt « an » devan non ki kòmanse ak vwayèl (« *an apple* »).

Jan Komisyon Syantifik (KS) AKA, nan lane 2015–2017, te esplike Konsèy AKA nan kad PRÈSÒLKA, sa enpòtan anpil pou n toujou sonje prensip fondamantal ki nan nannan transparans fonemik grafi kreyòl la. Prensip sa a toujou mande pou chak son ekri menm jan. Selon prensip sa a, nou pa dwe gen 2 pwononsyasyon diferan pou grafèm <an> tankou nan « an kachèt » ak « an Ayiti » — kòm ki dirè, lè n ap li « an Ayiti », n ap pwononse yon konsòn lyezon /n/ devan « Ayiti » (yon konsòn ki pa parèt nan grafi « an Ayiti » a); men, nou pa tande konsòn /n/ sa a, ditou pyès, nan « an kachèt ». Ki fè, dapre EsÒKA, « an » gen 2 pwononsyasyon ki diferan nan « an kachèt » epi « an Ayiti ». Anbiguite sa a antre an kontradiksyon dirèk ak prensip transparans fonemik grafi kreyòl la. Se pou sa KS la, an 2016, te rekòmande pou n reprezante konsòn /n/ ak konsòn /z/ lè n tande son sa yo devan yon vwayèl — tankou devan non « Ayiti » ak « Etazini ». Ki fè nou dwe ekri : « an kachèt » (ak alomòf « an ») ak « ann Ayiti » (ak alomòf « ann ») epi « o Meksik » (ak alomòf « o ») ak « oz Etazini » (ak alomòf « oz »).

Se menm prensip fonemik sa a ki mande pou n reprezante prepozisyon « d » nan « peyi d Ayiti ». La tou, EsÒKA kreye kontradiksyon nan pwopozisyon ki mande pou n ekri :

« peyi (d)Ayiti (nou mete « d » a ant parantèz pou moutre li pa jwe okenn wòl gramatikal »

Se ki analiz ki montre « d » sa a « pa jwe okenn wòl gramatikal » ? Lè n

fouye zo nan kalalou tematik sa a (jan KS la te fè an 2015–2017), enben, ki sa n wè sou « d » sa a ? Se yon prepozisyon ki gen 2 alomòf : « de » ak « d ». Prepozisyon « de/d » sa a, menm jan ak « an/ann », « o/oz », byen chita nan chapant lang lan. Nou jwenn li nan pawòl tankou « Pale m *de* travay ou » ak « Sa pa depann *de* mwen » kote itilizasyon prepozisyon « de » sa a obligatwa. Enben, se menm prepozisyon sa a ki nan pawòl tankou « peyi *d* Ayiti », « Repiblik *d* Ayiti », « mwa *d*jen », « zanmi *d*anfans », « jaden *d* anfan » e latriye — menm si prepozisyon an pa obligatwa nan kèk nan kontèks sa yo. Wi, se vre, lang lan ofri opsyon pou n di « peyi Ayiti » ak « mwa jen » nan plas « peyi d Ayiti » ak « mwa d jen » ; men, se tout lang ki ofri kalite opsyon sa yo. Sa pa vle di eleman sa yo, ki konn efase nan sèten ka, se eleman ki « pa jwe okenn wòl gramatikal ». O kontrè, nou ka analize « *d* Ayiti » nan « peyi *d* Ayiti » kòm yon gwoup prepozisyonèl kote « d » se yon prepozisyon ki pran « Ayiti » kòm objè. Wi, nan analiz sa a, « Ayiti » se objè prepozisyon « d » ; ki fè « d » jwe yon wòl gramatikal, kòm sa dwa, kòm prepozisyon ki pran yon non (tankou « Ayiti ») kòm objè pou kreye yon gwoup prepozisyonèl (tankou « d Ayiti »).

Kounye a, an n konsidere pawòl nan EsÒKA ki di kon sa : « AKA ankouraje itilizasyon ‘Etazini’ (‘M rete Etazini’) » nan plas « M rete oz Etazini ». Fòk nou mande tèt nou sou ki baz rekòmandasyon sa a chita ? Kòm prepozisyon « o/oz » (menm jan ak « an/ann », « d/de »...) deja byen chita nan chapant lang lan, pou ki sa EsÒKA vle dekouraje itilizasyon prepozisyon sa yo ? Èske gen fondasyon syantifik pou objektif sa a k ap chache retire pami resous ki djanm e ki deja disponib nan vokabilè ak sentaks lang lan ? Kalite objektif sa yo se sa lengwis rele « preskripsyon » ki depase kad « deskripsyon » ki se objektif rechèch syantifik nan lengwistik.

Kounye a, ka gen lektè k ava mande si konvansyon pou ekriti yon lang se pa preskripsyon. Wi, nou oblije fè preskripsyon nan planifikasyon òtograf yon lang. Egzanp : grafi ofisyèl Depatman Edikasyon Nasyonal 1980 an se yon zouti pou *preskripsyon* — li ofri yon modèl nou dwe suiv lè n ap ekri kreyòl. Men, sa se yon preskripsyon ki chita sou *deskripsyon* lang lan dapre metòd syantifik nan lengwistik. Wi, nan preskripsyon 1980 an ki chita sou deskripsyon syantifik lang lan, lengwis yo pa te mande pou n mete baboukèt sou eleman lang lan ki egziste pami pifò moun ki pale kreyòl. Rezon ki fè

Rechèch Etid Kreyòl

EsÒKA rekòmande pou n pa sèvi ak « o/oz » epi « d/de » se paske prepozisyon sa yo pa obligatwa nan sèten kontèks. Men, sanble se tout lang ki gen kèk eleman ladan yo ki pa obligatwa nan sèten kontèks. Sa se pa rezon ase pou n ta elimine eleman sa yo lè n ap ekri. AKA, kòm enstitisyon ki dwe fonksyone sou fondasyon syantifik, pa ta dwe antre nan pratik bloke itilizasyon eleman ki deja byen chita nan chapant lang lan. O kontrè, fòk AKA ta ankouraje analiz tout dimansyon gramatikal lang lan (Dejean 2012, AKA 2014) epi ankouraje nou sèvi ak tout dimansyon sa yo ki fè richès lang lan — prepozisyon, alomòfi, opsyonalite ak varyasyon ladan tou.¹⁵

Evalyasyon 3yèm seksyon EsÒKA (dispozisyon 8–14) sou valè nimerik

Twazyèm seksyon sa a kòmanse ak yon objektif ki klè :

« Refleksyon sou ekriti nonb yo chita sou fason pou yo dekoupe leksèm yo yon fason pou transkripsyon an pwodiktif epi pou li sistematik. *Lè dekoupe la sistematik, li fasilite ni konpreyasyon nonb yo ni*

¹⁵ Kòm egzèsis nan idantifikasyon mo, lektè a ka aplike tout metòd sa yo nan atik la pou l verifye separasyon mo sa yo: « alawonn Badè », « alòs ke », « an tou ka », « an ba », « an wo », « bon jou », « bon swa », « e latriviye », « kèl ke swa », « ki donk », « kòm sa dwa », « kon sa », « plim e ank », « ti moun », « gran moun », « tou patou »... Ka gen moun ki panse nou pa bezwen lasyans pou n deside ki sa yon « mo » ye e ki jan pou n separe mo yo nan ekriti lang kreyòl la ? Ka menm gen moun — petèt ka menm gen lengwis ak akademisyen — ki panse desizyon sa yo depase domenn lasyans. Sa fè m sonje yon plim e ank ki te deklare « lengwistik se bobin » nan dosye òtograf. E poutan, si n ap chache kritè ki solid pou n deside ki konvansyon pou n adopte nan separe mo nan ekriti kreyòl la, pa gen wout pa bwa : fòk desizyon nou yo chita sou fondasyon syans lengwistik. Erezman, *Revi Etid Kreyòl* se yon journal k ap piblye rezilta rechèch syantifik ki ka ede n wè pi klè sou kesyon fondamantal sa yo. Lè n ava rive gen lekòl tèt an wo nan peyi tèt an wo, se kalite analiz lengwistik sa yo k ava ede pwofesè kreyòl anseye chapant lang kreyòl la kòm sa dwa. Lè kon sa, ti moun yo ava aprann kèk nosyon fondal natal nan lengwistik pandan y ap aprann lekti ak ekriti nan lang nasyonal la... « Ak pasyans, n ava rive wè tete founi yon jou... »

fason pou yo ekri yo. »

Se mwen menm ki mete dènye fraz sa a ann italik paske pwopozisyon EsÒKA sou « dekouyaj sistematik » ekriti nonb yo vin kontredi yon prensip ki nan nannan Dispozisyon #4 sou kritè pou n dekolè mo :

« Yon mo se yon grafèm oswa yon gwoup grafèm ki ka kanpe pou kont li paske li antre nan yon kategori leksikal oswa nan yon kategori gramatikal »

Mwen te deja esplikè amalgam ki nan definisyon sa a kote reprezantasyon grafik (« grafèm ») ki kouche sou papyè vin melanje ak reprezantasyon mantal pou eleman ki nan gramè lang lan e k ap viv nan sèvèl lokite yo. Men, sa nou ka kenbe kòm prensip ki valid nan Dispozisyon #4 sa a se lide ki di yon eleman ki « *antre nan yon kategori leksikal oswa nan yon kategori gramatikal* » ka kanpe pou kont li kòm mo.

Enben, si n ap aplike prensip sa a kòm sa dwa, fòk nou idantifye 10 premye nonb yo (ki reprezante eleman fondamantal nan sistèm *desimal* la) kòm mo. Egal : « en », « de », « twa », « kat », « senk », « sis », « sèt », « uit », « nèf » ak « dis », yo chak se mo apa yo ye, dapre Dispozisyon #4 nan EsÒKA : yo chak antre nan kategori leksikal chif epi yo chak ka kanpe pou kont yo alèz. Epi kòm espresyon nonb sa yo (soti 1 rive 10) se mo apa, nou pa dwe kole yo ak lòt mo nan reprezantasyon okenn nonb. Depi n aplike lojik sa a ki chita sou nannan prensip ki nan Dispozisyon #4 EsÒKA a, sa tou ban nou yon rezilta ki klè kon dlo kokokye : reprezantasyon chif 17, 18 ak 19 se « di sèt », « diz uit » ak « diz nèf » paske nou deja gen chif « sèt », « uit », « nèf » ak « dis » kòm mo epi « di » ak « diz » se alomòf « dis ».

Rezilta sa a, ki byen chita sou nannan prensip ki nan Dispozisyon #4 ansanm ak mòfoloji ak vokabilè lang lan, vin kontredi Dispozisyon #8 ki mande pou n ekri « disèt », « dizuit » ak « diznèf » tou kole nan plas « di sèt », « diz uit » ak « diz nèf » kote nou gen 2 mo separe. Epi, tou, si pou n ta ekri « disèt », « dizuit » ak « diznèf » tou kole jan EsÒKA mande a, nou t ap tou rate yon opòtinite pou « *dekouyaj la sistematik* » yon fason pou « *li fasilite ni konpreyansyon nonb yo ni fason pou yo ekri yo* ». Wi, lè n konsidere

Rechèch Etid Kreyòl

operasyon aritmetik kote

$$17 = 10 \text{ (di)} + 7 \text{ (sèt)} ;$$

$$18 = 10 \text{ (diz)} + 8 \text{ (uit)}$$

$$19 = 10 \text{ (diz)} + 9 \text{ (nèf)}$$

enben, nou ka wè klè se « di sèt », « diz uit » ak « diz nèf » nou dwe ekri kòm dekoupaj ki « *sistematik* » tout bon vre, kote chak nan 2 inite leksikal yo byen separe. Se ekriti sa a ki pi « *sistematik* » e ki ka pi plis « *fasilite ni konpreyansyon nonb yo ni fason pou [nou] ekri yo* ».

Se kalite rezonman sa a, ki chita sou vokabilè ak chapant lang lan ansanm ak chapant sistèm aritmetik desimal la, ki dwe kore yon sistèm konbinatwa ki separe reprezantasyon grafik inite leksikal pou chif 1 rive 10 : « en », « de », « twa », « kat », « senk », « sis », « sèt », « suit », « nèf », « dis ».

Kounye a menm, an n byen kalkile si, dapre semantik nonb yo, nou te ka gen nonb tankou 17, 18, 19, 20, 60, 79, 100 ansanm ak gwo chif tankou 1 790 383 ki fonksyone kòm yon sèl inite ki pa gen plizyè mo ladan l. Yon analiz kon sa ta vle di Ayisyen k ap pale kreyòl pa reyalize chapant desimal chif sa yo : $17 = 10 + 7$; $18 = 10 + 8$; ... ; $1\ 790\ 383 = 1\ 000\ 000 + 700\ 000 + 90\ 000 + 300 + 80 + 3$. Sa ta vle di Ayisyen k ap pale kreyòl pa vreman konn konte — paske konprann sa konte an kreyòl vle di, tout bon vre, se metrize yon sistèm aritmetik kote nou ka analize nonb yo selon baz desimal la. Mwen te prezante sistèm desimal sa a, ki nan fondasyon chapant nonb yo an kreyòl, nan Asanble Jeneral AKA an 2015. Nou ka wè aplikasyon sistèm desimal sa a, ki klè kon dlo kokoye, nan yon liv pou ti moun sou Platfòm MIT-Ayiti — yon liv pou ti moun ki fèk kòmanse aprann lekti ak ekriti (Vertus 2020).

Nan Asanble Jeneral 2015 lan, Nicolas André, ki te toujou Akademisyen lè sa a, te vin pote pi plis done ak agiman pou kore pwopozisyon sa a. Ki donk, pawòl sa a nan EsÒKA kreye pwoblèm metodoloji :

« ... AKA analize 3 pwopozisyon [pou] ekriti nonb yo. Pwopozisyon ki pote repons ki pi sistematik la se pwopozisyon ki mande pou otograf kreyòl la konsidere sistèm nimerik kreyòl la tankou yon sistèm nimerik baz 20 (0 – 19). ... Sòti 0 rive 19, transkripsyon nonb yo fèt

avèk yon sèl mo (zewo, youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit, nèf, dis, onz, douz, trèz, katòz, kenz, sèz, disèt, dizuit, diznèf)... »

Pawòl sa a vle di AKA an 2022 deside iyore pwopozisyon ki te sot nan KS nan lane 2015–2016 lè n te pwopoze yon sistèm ki byen chita sou korespondans ant ekriti nonb yo ak sistèm nimerik an baz 10 la — sistèm desimal ki sèvi ak kategori « inite » (1, 2, 3...), « dizèn » (10, 20, 30...), « santèn » (100, 200, 300...)... Sistèm desimal sa a byen koresponn ak konsepsyon ti moun yo genyen sou mo ki nan lang lan — mo ki ka pwononse pou kont yo : « en », « de », « twa »... « sèt », « uit », « nèf »... Dapre Dispozisyon #4 nan EsÒKA ansanm ak kritè kategorizasyon, kritè de baz ak kritè faktorisasyon ke m deja pwopoze nan atik la, mo sa yo dwe *toujou* parèt kòm mo (yo *pa* dwe kole) nan ekriti nonb yo.

Nan analiz sa a, mwen montre règ konbinezon pou nonb yo (egal : sentaks ekriti nonb yo) gen menm chapant ak nonb ki ekri ak chif yo selon sistèm desimal la (inite, dizèn, santèn...) epi, tou, sa matche chapant mo ki disponib nan vokabilè kreyòl — menm lè nou ta adopte prensip ki nan nannan Dispozisyon #4 nan EsÒKA sou definisyon « mo ». Pwopozisyon sa yo KS la te pataje ak Konsèy AKA depi lane 2015 pi sistematik pase pwopozisyon ki nan EsÒKA. Pwopozisyon sa yo nou te pwopoze nan KS la an 2015 gen 2 avantaj pedagogik : (i) konsepsyon sistèm desimal la pral kore aprantisaj ekriti nonb yo ; epi, tou, aprantisaj ekriti nonb yo pral kore aprantisaj sistèm desimal la (Dehaene 1997, Fayol 1990, 2005) ;¹⁶ (ii) nan yon sistèm ekriti nonb kote chak grenn chif ekri dekole, ti moun yo ap jwenn mo pi kout e ki pi pasil pou aprantisaj ak entèpretasyon (Lubineau *et al* 2023). Enben, la tou, EsÒKA kontredi misyon AKA kòm enstitisyon syantifik ki gen manda pou l ta « rekonèt rezilta rechèch [...] ansanm ak tout travay ki fèt sou lang kreyòl la... ».

Vreman vre, done yo klè : nonb an kreyòl antre nan yon sistèm ki sèvi ak inite, dizèn, santèn e latriye. Egal : nonb yo an kreyòl antre yon sistèm *desimal* — baz 10 — kote inite fondamantal yo koresponn ak mo pou chif 1 rive 10 ki byen separe. Se inite sa yo (inite aritmetik e leksikal) ki antre nan espresyon 17, 18 ak 19 kote 17 = « di (+) sèt » ; 18 = « diz (+) uit » ; 19 = « diz (+) nèf ». Epi nou gen 31 = « trant e en » ; 32 = « trann de » ; 33 = « trann twa » ; 34 = « trann kat » ; 35 = « trann senk » , 36 = « trann sis » e latriye (nou ka remake « trant », nan sèten ka, gen

¹⁶ N ap jwenn pi plis referans sou sit sa yo :

<http://www.psychologue.fr/ressources-psy/nombre.htm>

https://fr.wikipedia.org/wiki/Construction_du_nombre_chez_l%27enfant

Rechèch Etid Kreyòl

alomòf « trann » tou). Chapant chif sa yo mache ak yon sistèm nimerik desimal (baz 10). Si se te yon sistèm nimerik baz 20 jan EsÒKA ta vle a, fòk 31 ta egal « ven (e) onz » (20 + 11) ; 32 = « ven (e) douz » (20 + 12) ; 33 = « ven (e) trèz » (20 + 13) ; 34 = « ven (e) katòz » (20 + 14) ; 35 = « ven (e) ken z » (20 + 15) ; 36 = « ven (e) sèz » (20 + 16). Prediksyon sa yo (selon yon sistèm baz 20) pa koresponn ak reyalyte lang kreyòl la.

Sanble ipotèz ki nan EsÒKA kote kreyòl la ta gen yon sistèm nimerik ki chita sou baz 20 soti nan espresyon nonb ant 80 ak 99 — espresyon nonb sa yo pran orijin yo nan lang franse :

- 80: *quatre-vingts*
- 81: *quatre-vingt-un*
- 82: *quatre-vingt-deux*
- 83: *quatre-vingt-trois*
- 84: *quatre-vingt-quatre*
- 85: *quatre-vingt-cinq*
- 86: *quatre-vingt-six*
- 87: *quatre-vingt-sept*
- 88: *quatre-vingt-huit*
- 89: *quatre-vingt-neuf*
- 90: *quatre-vingt-dix*
- 91: *quatre-vingt-onze*
- 92: *quatre-vingt-douze*
- 93: *quatre-vingt-treize*
- 94: *quatre-vingt-quatorze*
- 95: *quatre-vingt-quinze*
- 96: *quatre-vingt-seize*
- 97: *quatre-vingt-dix-sept*
- 98: *quatre-vingt-dix-huit*
- 99: *quatre-vingt-dix-neuf*

Espresyon nonb sa yo an franse ak kreyòl, ant 80 ak 99, sèvi ak miltip 20. Pa egzanp, $97 = 4 \times 20 + 17 =$ « *quatre-vingt-dix-sept* » an franse epi « katreven di sèt » an kreyòl. Men, analiz sa a pa kont pou n ta pran tout sistèm nimerik la (kit se an franse oswa an kreyòl) kòm yon sistèm ki chita sou baz 20. Wi, miltip 20 yo jwe yon wòl nan sistèm lan ; men, sistèm konplè a se yon sistèm *desimal* ki baze sou inite, dizèn, santèn, milye e latriye.

An final, fòk nou mete anfaz sou pwoblèm sa a : lè EsÒKA mande pou n « konsidere sistèm nimerik kreyòl la tankou yon sistèm nimerik baz 20 », pwopozisyon sa a pa koresponn ni ak reyalyte sistèm aritmetik nonb yo, ni ak reyalyte chapant lang kreyòl la. Epi, tou, lè EsÒKA mande pou n kole mo ki dwe ekri dekole, sa tou kreye yon seri mo ki long anpil. Fabrikasyon mo long sa yo — yon fabrikasyon ki ka parèt abitè e ki pa koresponn ak chapant lang lan— ap kreye pi plis difikilte pou aprantisaj ti moun yo. Enben, nou wè ki jan EsÒKA sa a riske mete twoub ni nan aprantisaj lekti ak ekriti an kreyòl, ni nan aprantisaj aritmetik.

Evalyasyon 4yèm seksyon EsÒKA (dispozisyon 15–16) sou laj ak lè

Dispozisyon sa yo se sou yon lòt seri tematik kote EsÒKA iyore travay Komisyon Syantifik (KS) AKA nan lane 2015–2016. Nan 4yèm seksyon EsÒKA sa a, tematik la se sou 2 kategori espresyon pou mezire dire tan : (i) espresyon ki mezire kantite laj e ki sèvi ak non « an » ; (ii) espresyon ki mezire kantite lè e ki sèvi ak non « è ». Nan travay KS nan lane 2015–2016, nou te fè pwopozisyon sa a :

1 an = enn an
 2 an = dez an
 3 an = twaz an
 4 an = katr an
 5 an = senk an
 6 an = siz an
 e latriye ...

1 è = in è
 2 è = dez è
 3 è = twaz è
 4 è = katr è

Rechèch Etid Kreyòl

5 è = senk è

6 è = siz è

e latriye...

Nan analiz sa a, se nan chif yo (1, 2, 3, 4, 5, 6 e latriye) fenomèn alomòfi a chita kote chif yo gen divès alomòf : alomòf 1 se « en / enn / in » ; alomòf 2 se « de / dez » ; alomòf 3 se « twa / twaz » ; alomòf 4 se « kat / katr »...

Nan analiz EsÒKA, se non « an » ak « è » ki gen alomòf sa yo : « zan » ak « zè » :

DISPOZISYON 15 :

« AKA konsidere ‘zan’ kòm alomòf pou inite laj. Egzanp : 2 zan, 23 zan. »

« AKA konsidere ‘zè’ kòm alomòf pou inite lè/tan. Egzanp : Li de (2) zè / 3 zè (twa zè) / 6 è (sis zè) / 10 è (di zè). »

Nan analiz sa a, se kòm si se yon aza ki fè se menm konsòn /z/ sa a ki bay alomòf « zan » ak « zè ». Epi EsÒKA pa di anyen menm sou lòt konbinezon yo — tankou « 1 an/è », « 4 an/è », ... kote, la tou, se konsòn ki final nan chif la (/n/ ak /r/) ki resilabifye pou l sèvi kòm atak nan silab ann apre a kote se vwayèl non an ki sèvi kòm nwayo silab la : « enn an » / « in è » epi « katr an » / « katr è ». Èske, mete sou « zan » nan « de zan » (pou « 2 an »), ta gen 2 lòt alomòf « nan » ak « ran » (pou « an ») ki ta vin bay « en nan » (pou « 1 an ») ak « kat ran » (pou « 4 an ») ? Èske gen alomòf « nè » ak « rè » (pou « è ») ki ta vin bay « i nè » (pou « 1 è ») ak « kat rè » (pou « 4 è ») ? EsÒKA pa di anyen menm sou kesyon sa a.

Renauld Govain (2022) prezante yon analiz ki enpòtan sou fenomèn sandi ki nan espresyon sa yo. Fenomèn lengwistik ki rele « *sandi* » a se rezilta yon seri pwosesis ki afekte fwontyè ant 2 mo oswa 2 mòfèm. Pa egzanp, pwosesis sa yo konn vin fè fwontyè sa a vin fonn oswa sa konn fè son ki nan fen premye mo a (oswa premye mòfèm lan) ak son ki nan kòmansman dezyèm mo (oswa dezyèm mòfèm lan) vin entèraji youn ak lòt yon fason ki

ka kache fwontyè ant 2 eleman sa yo. Se analiz fenomèn sa yo ki fè Govain vin pwopoze pou n ekri « ennan » / « inè », « dezan » / « dezè », « twazan » / « twazè », « katran » / « katrè » — kòm ki dirè espresyon sa yo pa ka dekonpoze an 2 mo separe (chif + non).

Analiz pa m sou espresyon sa yo chita sou obsèvasyon sou jan n ekri epi pwononse tout paradig espresyon sa yo nèt. « Senk an » / « senk è », « siz an » / « siz è », « set an » / « set è » e latriye ladan tou, kote nou jwenn 2 mo byen separe pou chif ak non epi nou ka analize fenomèn sandi yo kòm rezilta 2 lòt aspè nan vokabilè ak fonoloji lang kreyòl la : alomòfi ansanm ak resilabifikasyon.

Wi, lè n konsidere tout seri espresyon laj ak lè, gen yon done ki parèt klè : nan espresyon sa yo, nou gen 2 mo (yon chif epi yon non) epi se dènye konsòn chif la ki resilabifye ak non an :

« 5	an »	= « sen <u>k</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« sen »	« <u>k</u> an »
« 6	an »	= « siz <u>z</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« si »	« <u>z</u> an »
« 7	an »	= « se <u>t</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« se »	« <u>t</u> an »
« 8	an »	= « ui <u>t</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« ui »	« <u>t</u> an »
« 9	an »	= « ne <u>v</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« ne »	« <u>v</u> an »
« 10	an »	= « di <u>z</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« di »	« <u>z</u> an »
« 11	an »	= « on <u>z</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« on »	« <u>z</u> an »
« 12	an »	= « dou <u>z</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« dou »	« <u>z</u> an »
« 13	an »	= « trè <u>z</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« trè »	« <u>z</u> an »
« 14	an »	= « katò <u>z</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« katò »	« <u>z</u> an »
« 15	an »	= « ken <u>z</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« ken »	« <u>z</u> an »
« 16	an »	= « sè <u>z</u>	<u>an</u> »	ki bay 2 silab :	« sè »	« <u>z</u> an »

e latriye.

« 5	è »	= « sen <u>k</u>	<u>è</u> »	ki bay 2 silab	« sen »	« <u>k</u> è »
« 6	è »	= « siz <u>z</u>	<u>è</u> »	ki bay 2 silab	« si »	« <u>z</u> è »
« 7	è »	= « se <u>t</u>	<u>è</u> »	ki bay 2 silab	« se »	« <u>t</u> è »
« 8	è »	= « ui <u>t</u>	<u>è</u> »	ki bay 2 silab	« ui »	« <u>t</u> è »
« 9	è »	= « ne <u>v</u>	<u>è</u> »	ki bay 2 silab	« ne »	« <u>v</u> è »
« 10	è »	= « di <u>z</u>	<u>è</u> »	ki bay 2 silab	« di »	« <u>z</u> è »
« 11	è »	= « on <u>z</u>	<u>è</u> »	ki bay 2 silab	« on »	« <u>z</u> è »

Rechèch Etid Kreyòl

« 12 è »	= « dou <u>z</u> è »	ki bay 2 silab	« dou »	« <u>z</u> è »
« 13 è »	= « trè <u>z</u> è »	ki bay 2 silab	« trè »	« <u>z</u> è »
« 14 è »	= « katò <u>z</u> è »	ki bay 2 silab	« katò »	« <u>z</u> è »
« 15 è »	= « ken <u>z</u> è »	ki bay 2 silab	« ken »	« <u>z</u> è »
« 16 è »	= « sè <u>z</u> è »	ki bay 2 silab	« sè »	« <u>z</u> è »

e latriye.

Done sa yo klè, wi : « zan » ak « zè » ke n tandè nan « 6 an / è », « 10 an / è », « 11 an / è », « 12 an / è », « 13 an / è », « 14 an / è », « 15 an / è », « 16 an / è » e latriye se rezilta yon pwosesis resilabifikasyon kote dènye konsòn chif la (egal : « koda » dènye silab la) kite dènye silab ki nan chif la pou l vin kreye kòmansman (« atak ») silab ki pran vwayèl « an / è » kòm nannan (« nwayo ») silab la. Pwosesis resilabifikasyon sa a pa menm ak alomòfi. Kòm EsÒKA pa bay ni « nan / nè », ni « kan / kè », ni « tan / tè », ni « van / vè » kòm alomòf « an / è », enben, nou ka panse AKA rekonèt pwosesis resilabifikasyon sa a pou « 5 an / è », « 7 an / è », « 8 an / è », « 9 an / è » ke n ka ekri « senk an / è », « set an / è », « uit an / è », « nev an / è ... ». Ki donk, se menm pwosesis resilabifikasyon sa a, mete sou alomòf chif yo, ki bay 2 silab nou tandè lè n pwononse « enn an », « dez an », « twaz an », « katr an » e latriye.

Nan analiz Renauld Govain (2022), se fenomèn sandi nan espresyon sa yo ki mande pou n ekri « ennan » / « inè », « dezan » / « dezè », « twazan » / « twazè », « katran » / « katrè » nan plas « senk an » / « senk è », « siz an » / « siz è », « set an » / « set è » e latriye. Men, analiz Govain an gen pwoblèm ladan paske yon moun ki pale kreyòl byen konnen « è » ak « an » se inite leksikal nan vokabilè kreyòl la kèl ke swa kote kantite « è » oswa kantite « an » ta vin parèt. Nan analiz Govain an, se kòm si moun sa yo ki gen « è » ak « an » kòm inite leksikal nan

« senk è », « set è », « uit è » « nev è », « diz è », « onz è » ... « senk an », « senkant an », « de mil an » e latriye

menm moun sa yo p ap gen inite leksikal « è » ak « an » sa yo nan

« inè », « dezè », « twazè », « katrè » « ennan », « dezan », « twazan », « katran »

E poutan, moun ki pale e ki konprann kreyòl kòm sa dwa sètoblize analize tout gwoup nominal sa yo (ki gen « an » ak « è » ladan) selon chapant aritmetik sa a kote chif la multipliyè kantite tan ki nan non an (« è » oswa « an ») selon paradig sa a kote senbòl « x » la se senbòl aritmetik pou multiplikasyon :

« in / enn	<u>è / an</u> »	=	1	x	<u>è / an</u>
« dez	<u>è / an</u> »	=	2	x	<u>è / an</u>
« twaz	<u>è / an</u> »	=	3	x	<u>è / an</u>
« katr	<u>è / an</u> »	=	4	x	<u>è / an</u>
« senk	<u>è / an</u> »	=	5	x	<u>è / an</u>
« siz	<u>è / an</u> »	=	6	x	<u>è / an</u>
« sèt	<u>è / an</u> »	=	7	x	<u>è / an</u>
« uit	<u>è / an</u> »	=	8	x	<u>è / an</u>
« nèv	<u>è / an</u> »	=	9	x	<u>è / an</u>
« diz	<u>è / an</u> »	=	10	x	<u>è / an</u>
...					

Sistèm aritmetik sa a chita nan nannan semantik konbinezon nan espresyon ki gen fòm *chif x non* kote non an se « è » oswa « an » epi chif la multipliyè kantite ki esprime nan non an. Dapre sistèm aritmetik sa a, nou dwe analize tout sekans sa yo an 2 mo separe ki byen koresponn ak inite leksikal nan lang kreyòl la. Separasyon sa a kreye yon korespondans kif kif ant ekriti ak semantik espresyon sa yo. Analiz sa a chita sou reyalyte alomòf nan chif yo (yon alomòfi nou jwenn nan plizyè lòt anviwonman nan lang lan) ansanm ak reyalyte fenomèn resilabifikasyon an (yon lòt pwosesis nou jwenn nan plizyè lòt anviwonman nan lang lan, menm jan ak alomòfi).

Ki donk, sistèm semantik la (ki depann de chapant aritmetik gwoup nominal sa yo) deja di nou fòk gen yon inite leksikal ki koresponn ak « è » epi « an » nan tout seri gwoup nominal sa yo — kit gen resilabifikasyon oswa alomòfi oswa sandi, kit pa genyen.

Epi, tou, selon sistèm fonetik lang lan, nou konnen mo an kreyòl gen aksan tonik sou dènye silab la (Cadely 2010, Travieso 2023). Men, lè n di « in è », « dez è », « twaz è », « katr è », fòk nou mande ki kote nou tande aksan tonik

Rechèch Etid Kreyòl

la. Si n koute byen, nou ka tandè yon aksan tonik sou chif la tou. Ki vle di : chif la se yon mo apa li ye. Epi se resilabifikasyon ki vin fè dènnye konsòn lan (koda silab la) vin pwononse kòm atak nan silab ki gen « an / è » kòm nwayo.¹⁷

Dapre Govain (2022 : 230) analiz mwen an pa kòrèk lè n konsidere absans yon mo tankou « *katr* » nan vokabilè kreyòl la. Men, sanble yon kritik kon sa pa konsidere yon dimansyon ki enpòtan nan chapant fonoloji ak vokabilè lang lan. Rezon ki fè nou pa jwenn « *katr* » pou kont li nan lang lan se paske fonotaktik lang lan pa pèmèt yon sekans konsòn « tr » nan fen silab. Men, depi gen yon mo (oswa yon mòfèm) ki vin ann apre ki pèmèt resilabifikasyon, nou ka sèvi ak alomòf « *katr* » nan plas « *kat* ». Se kon sa, tou, nou gen « *teyat* » an kreyòl (an jeneral, nou pa di « *teyat*r »)¹⁸ ; men, nou gen

¹⁷ Se menm kalite aksan tonik nou jwenn sou chif ki devan non « an » ak « è » (nan « In è », « DEz an », « TWAz è », « KAtR an » e latriye) ke n jwenn sou adjektif ki devan non nan gwoup nominal sa yo : « BON jou », « BON swa », « TI moun », « GRAN moun », « CHÈ mèt CHÈ mètrès ». Enben, sa se yon lòt seri done ki montre ki jan aksan tonik la ka ede n deside ki jan pou n separe mo yo lè n ap ekri nan lang lan.

¹⁸ Petèt ka gen varyete rejyonal oswa gwoup sosyal (petèt pami bileng yo) kote yo di « *teyat*r » nan plas « *teyat* ». Epi, tou, ka gen moun ki di « *teyat*r » (oswa menm « *teyatrrrrrrr* ») lè y ap fè chèlbè (sa lengwis rele « *ipèkoreksyon* ») menm jan nou konn tandè moun ki di « mèrrrrrrrsi » pou « mèsi » ak « bon jourrrrrrrr » pou « bon jou ». Frantz Fanon, nan liv *Peau noire, masques blancs* (1952 :16), analize « entoksikasyon » lengwistik yon Matinikè ki rive an Frans e ki mande : « Garrçon, un vè de biè ». Nou ka tandè egzanzp « entoksikasyon » sa yo ann Ayiti tou — tankou nan videyo sa a : <https://www.facebook.com/791208871/posts/pfbid0thEE6KzMDJM4ej2v5hvinminV83UAeQ7GWRtkW7LrbDLaG6oimTiW3nK17sUdGeTl/?d=n>

An tou ka, done tankou « *katr*an », « *katr*è » ak « *teyat*ral », ke n jwenn nan pawòl Ayisyen tou

« teyatral » lè gen yon sifiks « -al » kote sekans « tr » nan « teyatr » vin bay <t> nan koda 2yèm silab la epi <r> antre kòm atak nan 3yèm silab la ki gen sifiks « -al » la : « te-yat-ral » oswa « te-ya-tral ».

Evalyasyon 5yèm seksyon (dispozisyon 17–26) konsènan tirè

Finalman, sa se sèl seksyon nan EsÒKA ki pa souleve gwo pwoblèm analiz. M ap sèlman site dispozisyon sa yo pou m di mwen dakò ak yo — sòf pou Dispozisyon #18, konsènan « yatis » :

DISPOZISYON 17-26

« Kontèks itilizatè yo dwe sèvi avèk tirè.

17. Mo konpoze : ipo-klorit-kalsyòm

18. Yatis nan mitan 2 vwayèl : re-antre vs reyantre ; ko-edite vs koyedite

19. Nan ka de (2) leksèm ki ekspriye nasyonalite. Egzanp: Ayisyen-Dominiken

20. Nan ka non oswa siyati konpoze : Jan-Pyè, Jan-Wèla, Pyè-Jewòm.

21. Kòm siy ponktiyasyon pou montre dyalòg oswa segman endepandan nan mitan yon fraz.

Li di:

– Kote w ye ?

– Mwen la !

22. Nan ka pou yo endike yon valè negatif. Egzanp : -3-5=-8

23. Nan yon lis enimerasyon. Egzanp (1)

– mango

patou, se pa rezilta entoksikasyon ipèkoreksyon. Done sa yo montre gen yon konsòn final /r/ ki prezan nan youn nan varyant ki nan antre leksikal « kat(r) » ak « teyat(r) » epi konsòn final sa a sèvi kòm atak (egal : li *resilabifje*) nan silab ki ann apre a — nan sèten anviwonman kote gen yon vwayèl nan mòfèm ki suiv la. Se anviwonman sa a ki pèmèt resilabifikasyon e se sèlman nan anviwonman sa a nou jwenn alomòf « katr » (ak « teatr ») la. Nou ka fè menm kalite ipotèz la pou chif « en(n) / i(n) » ak « twa(n) » ak pou prepozisyon « an(n) » ak « o(n) ».

Rechèch Etid Kreyòl

– patat

– zoranj

24. Nan mitan dat pou separe jou, mwa, ane : Egzanp : 23-01-2022

25. Nan mitan 2 nonb ki endike yon entèval : 1960-1980

26. Nimewo telefòn : 778-888-9087, 4564-7868 »

« *Yatis* » se kote gen 2 vwayèl ki pwononse youn apre lòt epi EsÒKA rekòmande itilizasyon yon tirè pou separe 2 vwayèl yo. Dispozisyon #18 la pa vreman nesèsè paske nou deja gen yon ti pwenyen mo kote nou jwenn 2 vwayèl kote youn vin apre lòt tankou « maestwo » (lòt varyant lan se : « mayestwo »), « aewopò » ak « ayeopò » (lòt varyant lan se : « ayewopò »), « joudaèz » (lòt varyant lan se : « joudayèz »), « Kanaan » (lòt varyant lan se : Kanaran), « maengwen » (lòt varyant lan se : « marengwen »), « bayaonn » (lòt varyant lan se : « bayawonn »). N ap jwenn pi plis enfòmasyon sou varyant sa yo nan Atlas Lengwistik Ayiti a (Fattier 1998).¹⁹ Enben, se kon sa tou nou ka ekri « reantre » ak « koeditè » san tirè — menm jan nou pa ta mete tirè nan « maestwo », « aewopò », « ayeopò », « maengwen », « bayaonn »...

Konklizyon : AKA la pou li tabli bon fondasyon syantifik pou « kreyòl, edikasyon ak devlopman » — nan lekòl tèt an wo pou peyi tèt an wo !

Sou 5 seksyon nan EsÒKA, gen 4 ladan yo ki gen gwo fay ladan — nan done, lojik, analiz, metòd e latriye. Mete sou fay sa yo, EsÒKA se yon dokiman ki gen kontradiksyon entèn ladan tou. Pa egzanp,

¹⁹ Mwen sèvi ak espresyon « lòt varyant lan » pou m evite move konpreyansyon kòm ki dirè gen yon « fòm prensipal » (egzanp : *maestwo*) epi lòt fòm lan (egzanp : *mayestwo*) se ta yon « varyant ». Pa gen sa pyès. Nan analiz mwen, se tou lè 2 fòm yo pou n konsidere kòm « varyant » — pou n pa bay youn priyorite sou lòt kòm si youn ta pi « bon » pase lòt. Se tout lang ki gen kalite varyant sa yo. Pa gen nesèsite pou n tabli okenn yerachi ant varyant sa yo. Atlas Fattier (1998) la bay pi plis detay sou rejyon nan peyi a kote n jwenn divès varyant sa yo. Kòm tout varyant sa yo pale nan yon rejyon nan peyi a, se tout fòm sa yo ki antre nan kategori « varyant rejyonal ».

kontradiksyon sa yo vin kreye twoub nan kritè ki ta dwe sèvi pou n idantifye ki sa yon « mo » ye e ki jan pou n separe mo yo lè n ap ekri. Kontradiksyon sa yo menm vin kreye twoub nan analiz sistèm aritmetik desimal la. AKA deklare nonb nan lang kreyòl la chita sou yon sistèm nimerik nan *baz 20* alòs ke done yo klè sou sa : ni aritmetik nonb yo, ni chapant pawòl ki esprime nonb yo montre se yon sistèm ki chita sou *baz 10* (yon sistèm *desimal*). Ki donk, pwojè *estandardizasyon* sa a riske afebli fondasyon kognitif e akademik ti moun yo — nan matematik tou !

Mwen byen konnen dokiman EsÒKA a se yon « pwojè » ki pa ko finalize. M espere atik sa a montre pwoblèm ke pwojè « estandardizasyon » sa a pral bay si li ta valide epi antre ann aplikasyon jan li ye a. M espere atik sa a ava ede Akademisyen ki nan lidèchip ak Komisyon Syantifik AKA sèvi ak pi bon analiz lengwistik nan fason yo trete tematik ki fondamantal nan grafi kreyòl la — paske pwopozisyon EsÒKA yo riske koze pi plis dega nan yon sistèm lekòl ki deja tèt an ba (Dejean 2006, DeGraff 2020, 2021, 2022a,b, 2023a,b). Dega sa yo ka kreye twoub nan divès sektè aprantisaj, soti nan lekti ak ekriti rive nan matematik. Epi, tou, kalite pwopozisyon sa yo ka fè sèten moun (sitou sila yo ki deja pa vle kreyòl nan lekòl) panse grafi kreyòl la gen « twòp difikilte » ladan pou kreyòl la sèvi kòm lang ansèyman ! Ki fè kalite pwopozisyon sa yo ki nan EsÒKA se malè pandye kont mouvman kreyòl la.

Men yon egzanp konkrè malè pandye sa a : Menm si pwojè rezolisyon ki nan EsÒKA pa ko finalize pou piblikasyon ofisyèl, li deja gen enpak pami edikatè k ap ekri materyèl nan inisyativ « *Liv Inik* » nan MENFP. Genyen ladan yo ki deja ap sèvi ak pwopozisyon nan EsÒKA pou yo entwodui nouvo grafèm nan manyèl pou ansèyman kominikasyon kreyòl — menm lè grafèm sa yo pa egziste nan grafi ofisyèl la.²⁰ Ki fè m espere atik sa a pral motive pi plis pami kolèg mwen yo pou yo pote kole ak AKA nan analize tematik sa yo ki nan pwojè « estandardizasyon » sila a. M espere analiz mwen yo ava raple enpòtans misyon AKA (2014) ki mande pou AKA rekonèt travay syantifik ki deja ap fèt sou lang kreyòl la. Rekonesans sa yo ava kontribye nan edikasyon gran piblik la tou, sitou sila yo nan sosyete sivil

²⁰<https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/pfbid044eD1GaZ2nKMEEnCHHL8imeTn3XdA1GwFv2h5hjhaJx3V3MrtqdFggOHvi3moSqoel>

Rechèch Etid Kreyòl

la ki angaje nan tabli fondasyon pou lekòl tèt an wo. Fondasyon sa yo dwe chita sou rechèch syantifik nan lengwistik sou prensip ki enpòtan nan analiz chapant lang kreyòl la ansanm ak transparans fonemik grafi kreyòl la.

Pou n tounen avèk pi plis presizyon ankò sou tematik nimewo *Rechèch Etid Kreyòl* sa a, ki se « *Kreyòl, edikasyon ak devlopman* », fòk nou raple yon verite ki fondamantal nan dosye sa a : Grafi ofisyèl lang kreyòl la antre nan lwa peyi a depi nan dat 31 janvye 1980 (Département de l'Éducation Nationale 1980). Jounen jodi a, 43 lane apre piblikasyon grafi ofisyèl kreyòl la, pifò popilasyon an pa konn egzaktman sa ki ladan. Ata pami sila yo ki pase lekòl, sanble pifò ladan yo pa konnen konbyen lèt e ki lèt ki nan alfabè kreyòl la, menm lè yo ka resite alfabè franse a pa kè kon jako repèt.

Youn nan rezon pou iyorans sa a konsènan grafi kreyòl la se paske, rive jounen jodi a, leta pa ko janm investi ase nan kanpay solid pou anseye grafi ofisyèl lang lan tou patou e nan tout nivo nan peyi a. Sanble pifò nan manyèl²¹ lekti ak ekriti gen erè ladan konsènan kontni grafi ofisyèl lang kreyòl la — ata manyèl²² ki pibliye an ba sipèvizyon Akademisyen nan AKA.

Yon lòt pwoblèm : Mwen patisipe nan yon gwoup WhatsApp pou Asosyasyon Pwofesè Kreyòl Ayisyen (APKA) kote gen plizyè pwofesè kreyòl ki pa metrize grafi kreyòl la. Si pa ko janm gen okenn kanpay solid pou anseye grafi kreyòl la, si manyèl lekòl yo gen erè ladan epi si gen pwofesè kreyòl ki pa metrize grafi kreyòl la, enben, sou ki baz pou n decide gen difikilte nan grafi a ki ta mande pou n chanje alfabè a alòs ke nou pa ko janm kreye bon jan zouti pou ansèyman grafi ofisyèl la tou patou nan peyi a — yon grafi ofisyèl ki deja lontan pi pèfòman pase grafi franse ak angle ?

Pa gen okenn lang sou latè beni ki gen grafi ki 100% « ideyal » — ki vle di :

²¹. <https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/pfbid09heRGVFmcwYuhDC7hoVozNFL9zTjqudJGjvnhaldpbkFuBmlitx6XjeGqDzaORCdl>

²². <https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/pfbid07FEceySZBpzDNpqroPr4DHjq9VRJvazSMCzZjGGK1SKYFoCRXma8K25FesvRhbEKl>

kèl ke swa lang lan, pa gen okenn grafi ki ka reprezante tout detay pwononsyasyon pami tout popilasyon ki pale lang sa a (an wetan *Alfabè Fonetik Entènasyonal* ki gen plis pase yon santèn senbòl lè n konsidere mak aksan ak mak pou tonalite !).

Ki donk, fòk nou mande tèt nou, sou plan lengwistik syantifik, ki estrateji ki ta pi enpòtan pou lidèchip AKA nan dosye « *Kreyòl, edikasyon ak devlopman* » ann Ayiti ? Èske nou dwe eseye chanje yon grafi ofisyèl ki la depi 1980 e ki deja pi djanm pase lòt grafi ti moun yo pral aprann (tankou grafi franse ak angle) ? Oswa èske nou dwe bay grafi ofisyèl kreyòl la pi plis estabilite ak rannman — egal : èske nou dwe kreye pi plis zouti ak resous pou ansèyman ak itilizasyon grafi kreyòl la sou baz solid nan lengwistik ak syans edikasyon ?²³

Jounen jodi a, lè n ap suiv jefò Ministè Edikasyon Nasyonal nan inisyativ « *Liv Inik* » an kreyòl pou lekòl fondamantal (Césaire 2022), priyorite a ta dwe pou AKA kore jefò pou pwodiksyon ak distribisyon pi plis materyèl an kreyòl, dapre grafi ofisyèl la — jan AKA te planifye fè sa nan kad *Premye rezolisyon sou otograf lang kreyòl ayisyen*. M espere atik sa a ava enspire AKA pou yo mete pi plis priyorite sou aksyon pozitif nan sektè sa a — olye pou se men goch k ap plede defèt sa men dwat ap fè. Wi, fòk nou kaba pratik lave men siye a tè sa yo (DeGraff *et al* 2022a,b).

²³ Gen kreyolis ki pwopoze pou n ta ajoute yon aksan egi kòm nouvo senbòl nan grafi kreyòl la pou n reprezante son /o/ nan « jón » ak « dwón » ki ta dwe pwononse tankou « *jaune* » ak « *drone* » an franse. Gen lòt ki di nou bezwen aksan egi sa a sou « onè » pou n pa dekonpze « onè » kòm si se 2 vwayèl — <on> epi <è>. Men, nou deja ka ekri « jòn » / « jonn » ak « dwòn » / « dwonn » kòm varyant. Epi, tou, nan tout lang, se vokabilè oral la ki kore pwosesis lekti a ; ki fè pa gen moun ki pale kreyòl ki pral li « onè » kòm si se 2 vwayèl youn a kote lòt ! Ki donk sa pa nesèsè pou n entwodui yon nouvo senbòl nan yon grafi ki deja byen djanm, ki ofisyèl depi plis pase 40 lane e ki pa ko janm antre nan pratik ekriti tout sektè sosyete a. N ap jwenn pi plis detay sou pozisyon sa a nan yon afich mwen te pibliye sou Facebook nan kad yon deba, nan mwa d me 2021, sou premye rezolisyon AKA sou grafi kreyòl la : <https://www.facebook.com/notes/788013848643085/>

Rechèch Etid Kreyòl

Nan yon blòg sou Platfòm MIT-Ayiti, Pwòf Lefranc Joseph (2022) fè yon pledwaye pou tout entelekyèl nan peyi a antre nan sikui pwodiksyon materyèl an kreyòl lajman laj. Dis lane anvan sa (an 2012), Pwòf Yves Dejean (Papa Yves) te deja fè yon pledwaye nan menm sans sa a epi li te panse se AKA ki pou ta planifye estrateji ki pi pozitif nan dosye « *Kreyòl, edikasyon ak devlopman* ».

M ap site rekòmmandasyon Papa Yves yo pou m fèmen atik la paske rekòmmandasyon sa yo enpòtan anpil pou ajannnda AKA :

« ... »

- (i) Ankouraje ansèyman chapant lang kreyòl la nan lekòl primè, nan lekòl segondè, nan inivèsite e pami tout moun ki pase lekòl.
- (ii) Ankouraje pwodiksyon syantifik an kreyòl. Ankouraje tout ekspè nan peyi a pou yo konsakre yon pati nan jefò yo ansanm ak yon pati nan rechèch yo nan vilgarizasyon konesans an kreyòl, kòm sa dwa, selon chapant fonolojik ak sentaktik lang lan.
- (iii) Fè rechèch sou vokabilè lang lan epi pataje rechèch sa yo nan tèks ki bay espikasyon ki senp, ki kout e ki presi.
- (iv) Envite ekriyen yo pou yo ekri tèks an kreyòl selon chapant ki deja egziste nan lang lan. Kon sa yo ka pran enspirasyon nan chante popilè, pwovèb, kont, devinèt, aktivite tou lè jou... evennman istorik...

... »

Anèks : Yon ti espikasyon siplemantè sou 32 lèt nan alfabè ofisyèl lang kreyòl la ansanm ak graf ki konpoze 32 lèt sa yo dapre analiz ki nan atik sa a :

Alfabè ofisyèl lang kreyòl la, dapre kominike Ministè Edikasyon Nasyonal nan dat 31 janvyè 1980, se yon alfabè ki *fonemik* kote, an prensip, chak lèt (*grafèm*) dwe koresponn ak yon sèl grenn son (*fonèm*). Note byen : Se yon alfabè *fonemik* — se pa yon alfabè fonetik tankou *Alfabè Fonetik Entènasyonal*. Alfabè ofisyèl la gen 32 lèt :

<a> (adisyon) ; <an> (anbilans) ; (boul) ; <ch> (chat) ; <d> (drapo) ; <e> (elèv) ; <è> (ès ès) ; <en> (ensèk) ; <f> (fal) ; <g> (gòj) ; <h> (hing hang) ; <i> (istwa) ; <j> (jape) ; <k> (kad) ; <l> (lavi) ; <m> (mòn) ; <n> (nas) ; <ng> (ng) ; <o> (ochan) ; <ò> (òfèv) ; <on> (on) ;

<ou> (**ou**vriye) ; <oun>(**oun**si) ; <p> (**p**oto) ; <r> (**r**at) ; <s> (**s**ik) ;
 <t> (**t**aso) ; <ui> (**ui**t) ; <v> (**v**az) ; <w> (**w**osiyòl) ; <y> (**y**anvalou) ;
 <z> (**z**wezo)

Note byen : Pami senbòl sa yo (« *graf* ») ki konpoze *lèt* ki nan alfabè ofisyèl lang kreyòl la, se sèlman 2 graf ki, pou kont yo, pa koresponn ak okenn lèt : graf « c » (ki se premye graf nan lèt <ch>) epi graf « u » (ki se premye graf nan lèt <ui> e ki se 2yèm graf nan lèt <ou> ak <oun>). Tout lòt graf yo baze sou senbòl ki gen *doub* anplwa — kòm *lèt* e kòm *graf* :

1. senbòl sa yo sèvi dirèk dirèk kòm *lèt*, egal : kòm senbòl pou lèt ki se « *monograf* » — ki vle di : kòm senbòl pou *lèt* nou ekri ak *yon sèl graf* tankou <a>, , <d>, <e> e latriye)
2. epi genyen nan senbòl sa yo ki sèvi, tou, kòm youn nan *graf* pou lèt ki ekri ak 2 *graf* (« *digraf* » tankou <an>, <ch>, <en>, e latriye) oswa 3 *graf* (« *trigraf* » tankou <oun>).

Egzanp : « h » se yon *graf* ki pa pouse okenn son nan *lèt* <ch> ki nan « **ch**at ». Epi, tou, <h> se yon *lèt* ki pouse son nan mo tankou « **h**ing **h**ang ».

Men, « c » ak « u » pa janm sèvi kòm *lèt* — egal : *yo pa pouse son pou kont yo* ; ki vle di : pa gen *lèt* <c> ak <u> nan alfabè ofisyèl lang kreyòl la ; 2 senbòl sa yo (« c » ak « u ») fonksyone sèlman kòm *graf* ke n jwenn nan *lèt* ki se *digraf* (<**ch**>, <**ou**>, <**oun**>, <**ui**>) oswa nan *lèt* ki se *trigraf* (<**oun**>).

Bibliyografi

Akademi Kreyòl Ayisyen. 2014. *Atik 213 Konstitisyon 1987. Lwa 23 avril 2013, Le Moniteur N° 65, 7 avril 2014.*

http://lingphil.mit.edu/papers/degtraff/Depliyen_Akademi_Kreyol_Ayisyen.pdf

Akademi Kreyòl Ayisyen. 2022. Estandadizasyon otograf kreyòl ayisyen. https://www.dropbox.com/s/jpy2hk7uomuyhr6/Prezantasyon%20rezime%20dokiman%20estandardizasyon%20Rezime_12152022_pou%20atelye%2015%2016%20desanm%202022.pptx?dl=0

Rechèch Etid Kreyòl

Anglade, Pierre. 1998. *Inventaire étymologique des termes créoles des Caraïbes d'origine africaine*. Paris : Harmattan.

Borleffs, Elisabeth, Ben A. M Maassen, Heikki Lyytinen & Frans Zwarts. 2019. Cracking the code : The impact of orthographic transparency and morphological-syllabic complexity on reading and developmental dyslexia. *Frontiers in Psychology* 9,2534, 1–19.

Cadely, Jean-Robert. 2010. Phonologie des pronoms personnels du créole haïtien : Le constituant prosodique groupe clitique. *Journal of Haitian Studies*, 16.2, 91–117.

Césaire, Michelson. 2022. Les maisons d'édition présentent le contenu du livre scolaire unique au MENFP. *Nouvelliste* 25 out 2022.
<https://lenouvelliste.com/article/237781/les-maisons-dedition-presentent-le-contenu-du-livre-scolaire-unique-au-menfp>

DeGraff, Michel. 2014. Pou ki sa mwen te poze kandidati m pou mwen rantre kòm Akademisyen nan Akademi Kreyòl Ayisyen an. *Le Nouvelliste*, 28 oktòb 2014.
http://lingphil.mit.edu/papers/degraff/degraff_20141028_Pou_ki_sa_mwen_vle_akademisyen.pdf

DeGraff, Michel. 2017. Mother-tongue books in Haiti : The power of Kreyòl in learning to read and in reading to learn. *Prospects : Comparative Journal of Curriculum, Learning, and Assessment* 46.
http://linguistics.mit.edu/wp-content/uploads/degraff_2016_mother-tongue_books_in_Haiti.pdf

DeGraff, Michel. 2020. An n reflechi ansanm pou n rele chalbari dèyè pwopozisyon k ap menase otograf lang kreyòl la. *Potomitan : Site de promotion des cultures et des langues créoles*.
<https://www.potomitan.info/ayiti/degraff/otograf.php>

DeGraff, Michel. 2021. Rèv Yves Dejean, rèv mwen, rèv ou, rèv nou : « ...pou solèy ledikasyon rive klere an kreyòl... ». Nan Renauld Govain (editè) *Langues créoles : Description, analyse, didactisation et automatisaton : Hommage à Yves Dejean et à Pierre Vernet*. Montpellier : Presses universitaires de

la Méditerranée, 177–202.

http://lingphil.scripts.mit.edu/papers/degraff/DeGraff_2021_Rev_Yves_Dejean.pdf

DeGraff, Michel. 2022a. Ann Ayiti, lekòl yo aprann nou rayi lang nou epi rayi tèt nou. *New York Times*. 14 oktòb 2022.

<https://www.nytimes.com/ht/2022/10/14/opinion/ayiti-lekol-kreyol.html>

DeGraff, Michel. 2022b. Gwojemoni nan rasin lekòl tèt an ba nan peyi tèt an ba (2yèm pati) *Le National*, 15 jiyè 2022.

https://lenational.org/post_article.php?tri=570

DeGraff, Michel. 2023a. Ki moun ki Robert Berrouët-Oriol ? Èske se yon « lengwis tèminològ » pou lang kreyòl ? Oswa se yon enpostè mantadò k ap sèvi gwojemoni frankofolis ? *Le National*, 6 janvyè 2023.

https://www.lenational.org/post_article.php?tri=922 | *PotoMitan*

<https://www.potomitan.info/ayiti/degraff/repons2.php>

DeGraff, Michel. 2023b. Language has super powers : it can destroy souls or build nations. *TEDx Talk* sou YouTube : <https://youtu.be/-bTVACnH7VM>

DeGraff, Michel & Mandaly Claude Louis-Charles. 2019. An n konprann chante alfabè kreyòl la. *Platfòm MIT-Ayiti*. <https://mit-ayiti.net/resous/an-n-konprann-chante-alfabe-kreyol-la/>

DeGraff, Michel, William Scott Frager & Haynes Miller. 2022a. An nou fè 2 kabès olye pou n rete nan lave men siye atè. Yon konparezon ant politik sou lang ansèyman nan Refòm Joseph C. Bernard (1982) ak nan Cadre d'Orientation Curriculaire (MENFP, 2021). *Le Nouvelliste* 29 out 2022.

<https://lenouvelliste.com/article/237813/an-nou-fe-2-kabes-olye-pou-n-rete-nan-lave-men-siye-ate>

DeGraff, Michel, William Scott Frager & Haynes Miller. 2022b. Language policy in Haitian Education : A history of conflict over the use of Kreyòl as language of instruction. *Journal of Haitian Studies*. 28.2, 33–95.

http://lingphil.scripts.mit.edu/papers/degraff/DeGraff_Frager_Haynes_2

Rechèch Etid Kreyòl

022_History_of_language_policy_in_Haitian_education.pdf

Dehaene, Stanislas. 1997. *The number sense : How the mind creates mathematics*. New York : Oxford University Press.

Dehaene, Stanislas, editè. 2011. *Apprendre à lire: Des sciences cognitives à la salle de classe*. Paris : Éditions Odile Jacob.

Dejean, Yves. 2006. *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*. Port-au Prince : FOKAL.

Département de l'Éducation Nationale. 1980. *Graphie du créole haïtien*. Port-au-Prince : Secrétairerie d'État de l'Éducation Nationale, 31 janvier 1980. (Dokiman sa a disponib sou Platfòm MIT-Ayiti : <https://mit-ayiti.net/istwa-politik-lengwistik>)

Département de l'Éducation Nationale. 1982a. *La réforme éducative — Éléments d'information*. Port-au-Prince : Secrétairerie d'État de l'Éducation Nationale. (Dokiman sa a disponib sou Platfòm MIT-Ayiti : <https://mit-ayiti.net/istwa-politik-lengwistik>)

Département de l'Éducation Nationale. 1982b. *Décret organisant le système éducatif haïtien en vue d'offrir des chances égales à tous et de refléter la culture haïtienne*. Port-au-Prince : Secrétairerie d'État de l'Éducation Nationale. (Dokiman sa a disponib sou Platfòm MIT-Ayiti : <https://mit-ayiti.net/istwa-politik-lengwistik>)

Dejean, Yves. 2012. Identifying the standards for Haitian Creole. *Sargasso : Literature, language, culture*, 83–95.

Fanon, Frantz. 1952. *Peau noire, masques blancs*. Paris : Editions du Seuil.

Fattier, Dominique. 1998. *Contribution à l'étude de la genèse d'un créole. L'Atlas linguistique d'Haïti, cartes et commentaires*, 6 vol., Villeneuve d'Ascq : Presses universitaires du Septentrion. 1998.

Fayol, Michel. 1990. *L'enfant et le nombre*. Neuchâtel, Paris : Delachaux & Niestlé.

- Fayol, Michel. 2005. Les petits Asiatiques savent-ils mieux compter ? *Cerveau et psycho*, 9. <https://www.cerveauetpsycho.fr/sd/psychologie/les-petits-asiatiques-savent-ils-mieux-compter-1318.php>
- Fayol, Michel. 2006. L'orthographe et son apprentissage, *Les journées de l'ONL : Enseigner la langue : Orthographe et grammaire*, 53–73.
- Gouvernement d'Haïti. 1979. *Loi du 18 septembre 1979. Loi autorisant l'usage du créole dans les écoles comme langue d'enseignement et objet d'enseignement.* (Dokiman sa a disponib sou Platfòm MIT-Ayiti : <https://mit-ayiti.net/istwa-politik-lengwistik>)
- Govain, Renauld. 2014. *Les emprunts du créole haïtien à l'anglais et à l'espagnol.* Paris : L'Harmattan.
- Govain, Renauld. 2022. Fenomèn sandi e pwoblèm òtograf an kreyòl ayisyen : kèk pwopozisyon. *Rechèch Etid Kreyòl*, volim 1, nimewo 1, 205–241.
- Joseph, Lefranc. 2022. Pou ki sa entèlektyèl, filozòf ak syantis ayisyen dwe ekri an kreyòl ? *Platfòm MIT-Ayiti*. <https://mit-ayiti.net/pou-ki-sa-n-dwe-ekri-an-kreyol/>
- Lainy, Rochambeau. 2022. Haitian creole and French side by side in Haiti. A case of mismanaged bilingualism. Entèvansyon nan Indiana University, Department of French and Italian. 1^e avril 2022. <https://events.iu.edu/frit/event/520242-1>
- Léger, Frenand. 2021. Wòl ak kontribisyon Akademi Kreyòl Ayisyen nan « devlopman syantifik » lang kreyòl la. Nan Renauld Govain (editè) *Langues créoles : Description, analyse, didactisation et automatisation : Hommage à Yves Dejean et à Pierre Vernet*. Montpellier: Presses universitaires de la Méditerranée, 161–176.
- Louis-Charles, Mandaly Claude. 2015. Elèv nan lekòl Ayiti yo ap chante alfabè kreyòl la. *Sweet Coconuts Blogspot*. <http://sweetcoconuts.blogspot.com/2015/10/elev-nan-lekol-ayiti-yo-ap-chante.html>

Rechèch Etid Kreyòl

Louis-Charles, Mandaly Claude, Bémol Telfort and Michel DeGraff. 2015. *Chante Alfabè Kreyòl La*. Pennsauken, NJ : Diskmakers.

Lubineau, Marie, Cassandra Potier Watkins, Hervé Glasel and Stanislas Dehaene. 2023. Why do young readers vary in reading fluency ? The impact of word length and frequency in French 6th graders. <https://doi.org/10.1101/2023.01.30.526188>

Pierre, Péguy Flore. 2018. DeGraff denonse dezòd ak koripsyon k ap fèt nan Akademi Kreyòl Ayisyen an. *AyboPost*. <https://ayibopost.com/degraff-denonse-dezod-ak-koripsyon-k-ap-fet-nan-akademi-kreyol-ayisyen-an/>

Pompilus Pradel. 1973. *Contribution à l'étude comparée du créole et du français à partir du créole haïtien. Phonologie et lexicologie*. Port-au-Prince : Éditions Caraïbes.

Pompilus, Pradel. 1973. De l'orthographe du créole. *Conjonction* 120, 15-32

Pompilus, Pradel. 1985. *Le problème linguistique haïtien*. Port-au-Prince : Éditions Fardin.

Travieso, Emilio. 2023. Los acentos (règ aksan yo). *Platfòm MIT-Ayiti*. <https://mit-ayiti.net/resous/los-acentos/>

Vernet, Pierre. 1980. *Techniques d'écriture du créole haïtien*. Port-au-Prince, Haïti.

Vertus, Genise. 2020. Chif. *Platfòm MIT-Ayiti*. <https://mit-ayiti.net/resous/chif-yo-0-100/>

Zefi, Lemèt. 2017. Kritè fòmèl pou n kole mo, dekole mo an kreyòl ayisyen. Nan Renauld Govain (editè) *Le créole haïtien : Description et analyse*. Paris : L'Harmattan, 95–118.